

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Malebari 4

R. Ng. Yasadipura I

Rektorat
Kebudayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

MENAK MALEBARI

4

02.222

YAS

m

MENAK MALEBARI

4

Oleh
R. Ng. YASADIPURA I

Alih Aksara dan Alih Bahasa
SOENARKO H. POESPITO

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka

BP No. 1155c

Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahannya pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

53. Prabu Rukyatil Polad ambiyantu Prabu Maliyat Kustur.	9
54. Raja Kalbujer perang lan raja Pelangkus,	11
55. Prabu Wrahat Kustur ngedali prang	18
56. Prabu Wrahat Kustur kasor kaliyan Pangeran Bakdi Ngujaman	25
57. Nagari Karsinah kedhatengan mengsah,	35
58. Wong Agung paring bebantu dhateng Karsinah	44
59. Dewi Joharin Insiyah ngedalaken kemat	49
60. Prenjuk, Prenggi lan Dreni teluk dhateng Raden Ruslan	58
61. Raden Ruslan dhaup kaliyan Dewi Joharin Insiyah	63
62. Raden Ruslan jumeneng nata ing Karsinah	72
63. Patih Bestak ngumukaken prajuritipun Wong Agung ...	82
64. Pangeran Kelan ngedali prang	86
65. Prabu Maliyat Kustur kasor yudanipun	92
66. Prabu Rkyatil Polad mangsah prang	98
67. Memulih manahing bala	104
68. Sayembara ing nagari Burudangin	108
69. Sayid Ibnu Ngumar ngedegi sayembara	116
70. Wong Agung badhe ambedhah nagari Burudangin	122

53. PRABU RUKYATIL POLAD AMBIYANTU PRABU MALIYAT KUSTUR

Pucung

1. Sampun kumpul putra tuwan kalhipun,
saguning kintunan,
linap Sang rajeng Kubarsi,
pun Maliyat Kustur prawira digdaya.
2. Inggih lamun wonten liwat ratu agung,
Sang rajeng Talsiyah,
margine medal Medayin,
tuwan ngembul dhateng Sang Rukyatil Polad.
3. Yen tan antuk paduka amanggih dudu.”
girising narendra,
dening atur pra dipati,
para ratu gumulung ing aturira.
4. Arsa puguh sami medosi kang matur,
”Yekti putra tuwan,
Hirman Hurmun lan pun patih,
pinejahan dhateng pun Kustur Maliyat.
5. Dadya gugup tyasira rajeng Medayun,
temah nut ing kathah,
siyaga budhal tumuli,
amanggihi lan raja Rukyatil Polad.
6. Tan winuwus nulya sareng budhalipun,
lir samodra wutah,
Baris Talsiyah Medayin,
tan winuwus laminira aneng marga.

7. Sampun rawuh Kusniya Malihat Kustur,
methuk sampun panggya,
pakuwone den aturi,
tanpa wates barise Rukyatil Polad.
8. Sang Aprabu Medayin wus panggih sunu,
miwah Patih Bestak,
Mangkana wau winarni,
Pakuwon ing Kusniya sami bujana.
9. Pan supenuh aglar ingkang para ratu,
aneng ngarsanira,
Wong Agung Surayengbumi,
tuwin Sultan Jayusman Samsu Murijal.
10. Para sunu sadaya neng ngarsanipun,
sigra matur nembah,
Rekyana Patih Bunandir,
"Gusti mengsah paduka saya gung prapta.
11. Sang Aprabu Medayin wingi duk rawuh,
lan Rukyatil Polad,
balane kadya jaladri,"
langkung ngungun sadaya kang sami myarsa.
12. Dening Prabu Nusirwan kalangkung-langkung,
Wong agung ngandika,
"Esuk metua ngajurit,
ingsun arsa tetinjo mring pulo Barjah.
13. Sadulurmu padha dunen ing prang pupuh,"
kang putra sandika,
sawusnya bujana sami,
Dyan Wong Agung mring Bukit Barjah kawuntat.

54. RAJA KALBUJER PERANG LAN RAJA PALANGKUS

Pangkur

1. Enjing anembang tengara,
Sang Aprabu Kusniya Malebari,
kendhang gong teteg gumuruh,
egong maguru gangsa,
bendhe beri barungan thongthong grit puksur,
kadya giri gara-gara,
mijil barising para ji.
2. Baris miranti met papan,
kakartala kalang tepung ngubengi,
prajurit kang para ratu,
tuwin kang para putra,
sampun mungging amparan Jeng Sultan Agung,
Jayusman Samsu Murijal,
kinubeng ing pra dipati.
3. Mengsah barise wus medal,
ambalabar kalang tepung ngubengi,
salin gegununganipun,
raja Rukyatil Polad,
dhasar anom ambapa Maliyat Kustur,
sumosor marang kang paman,
ing Talsiyah sri bupati.
4. Munggeng patarana retina,
lan kang rama Sang Prabu ing Medayin,
katiga Maliyat Kustur,
aglar prajuritira,
para ratu satriya dipatinipun,

wau miyosi ngayuda,
ratu andel Malebari.

5. Amit ingiden umangsah,
sira raja Kalbujer nitih hesthi,
kawot kaprabon prang pupuh,
prapteng rana susumbar,
"Metonana heh payo Maliyat Kustur,
papagena tandangingwang,
den padha angunsi pati."
6. Raja Palangkus miarsa,
amit nembah mring sang rajeng Kubarsi,
ingiden raja Palangkus,
Panardan munggeng liman,
sampun prapta panggih sang prabu ing Kulub,
"Sira Palangkus metu prang,
gustimu konen metoni!
7. Si Maliyat kustur lawan,
si Warahat Kustur ratu taruni,
Aja ta kowe Palangkus,
amapag yudaningwang,
sira raja Panardan sugal sumahur,
"Aja kakehan wicara,
sun gada den ngati-ati!"
8. Surake mungsuh lan rowang,
tri gumuruh Palangkus nggada aglis,
raja kalbujer akudhung,
paris sigra ginada,
panangkise kuwating pamupuhipun,
jumbret swara lir gelap,
arame denira jurit.
9. Agenti gada-ginada,
dangu gada tan ana migunani,
seleh gada kalhipun,

gantya pedhang-pinedhang,
gajah arok kang nitih pra sami caruk,
udreg rempu mbuwang pedhang,
agenti tarik-tinarik.

10. Surake mungsuh lan rowang,
mawurahan wau ta kang ajurit,
sira sang raja Palangkus,
sor titih wus sinendhal,
saking gajah binanting tiba gumebrug,
kantaka rajeng Panardan,
prapta Patih Abunandir.
11. Binanda sampun tinawan,
lan gajahe Kalbujer tedhak aglis,
saking ing dipangganipun,
prapta kang ngater kuda,
sigra nitih turangga sang rajeng Kulub,
mider ing papan susumbar,
"Rebuten iki prajurit!"
12. Ratu isining wijohan,
palowanu Kusniya Malebari,
Kalbujer sang rajeng Kulub,
prawira widigdaya,
wong Kubarsi aja na sarenti magut,
Maliyat Kustur metua,
Payo atandhing ajurit!"
13. Wau kalane miarsa,
raja Abu Harjan raja Drenggani,
amit miyosi prang pupuh,
sigra nitih turangga,
Abu Harjan prapteng rananggana sampun,
apanggih ayun-ayunan,
raja Kalbujer sru angling.
14. "Sapa aranmu narendra?"
anauri: "Ingsun nateng Drenggani,

raja Buharjan raningsun,
sira sapa ranira?"
"Hiya iki Kalbujer prajurit Kulub,
payo apa aneng sira!"
raja Buharjan lingnya ris.

15. "Akudhunga bandabaya,
ingsun gada ing prang aja gumingsir!"
sigra muter gadanipun,
mupuh raja Buharjan,
tinadhahan ing parisanira murub,
surake bala gumerah,
Kalbujer males anggitik.
16. Arame gada-ginada,
sigra raja Kalbujer dennyng ngambil,
puputhon emas anggutuk,
Buharjan datan wikan,
jajanira niba saking kudanipun,
tan weruh sangkaning balang,
kalenger rajeng Drenggani.
17. Surake bala gumerah,
sigra prapta Kyana Patih Bunandir,
ambanda binekta mundur,
Buharjan wus katawan,
puthon emas wus wangsul saruwalipun,
Buharjan wus winarangka,
mangkana sri narapati.
18. Kalbujer mider ing papan,
asusumar: "Mungsuh rebuten jurit,
ingsun Kalbujer ing Kulub,
ratu kinarya macan,
isen-isen ing wijohan palowanu,
kang among manggalaning prang,
ing Kusniya Malebari!"
19. Wonten ratu ing Benara,

raja Guntur mangsah nitih turanggi,
prapteng payudan sumebut,
peputhon emas medal,
nempuh kena jajanira raja Guntur,
aniba saking turangga,
kantaka sanget sang aji.

20. Raja Beskahur Berkiyah,
sigra mangsah nitih turangga aglis,
wus prapta tiba talebug,
sinamber puthon emas,
geng samaja kemate sang rajeng Kulub,
ngamuk tan amawi sarat,
tan mawi ingatag malih.
21. Singa prapta tinarajang,
sira raja Kalbujuer tukup lathi,
ngentrog wentis sarwi muwus,
"Heh wong Kubarsi padha,
wong angantuk padha mangsah ting talebug,
apa tan ana wong waras,
wong turu kinen ajurit."
22. Kya Patih Bunandir prapta,
pan akibat nalení kang para ji,
Ki Umar Maya lingnya rum,
"Kaki prabu Kusniya,
ingsun arsa mring Bukit Barjah anusul,
tinjo kang padha martapa,
wong tuwa mbok nglelepeti.
23. Manawa ingsun tinarka,
angajani ngadu kemating jurit,
nanging satemene patut,
linadenan prang kemat,
kebangeten kakekne si Rustam iku,
ping satus tan ngarah tobat!"
gumujeng sagung miarsi.

24. Umatur Rahaden Putra,
Rustamaji mring uwa Guritwesi,
"Dhuh uwa satuhunipun,
yen ing badan kawula,
lamun ndikakena dhateng kakang prabu,
amrih pati siya-siya,
ing eyang rajeng Medayin,
25. Tan kumedhep wani nglangga,
ing darahe eyang rajeng Medayin,"
Rajeng Kusniya lon muwus,
"Yayi aja dinawa,
sakarsane panembahan ing Medayun,
apan hiya kangjeng rama,
maksih bekti lan gumati.
26. Aja ta kang anom padha,
yekti bekti dhasare ratu kaki,
wiwinihing ratu agung,
sakarsane jeng eyang,
sok betaha muwuhi darajatingsun,"
wus nusul Ki Umar Maya,
mring patapan Barjah wukir.
27. Gantya wau winursita,
pakuwone mungsuh bujana latri,
pepakan kang para ratu,
aglar munggeng ngayunan,
Sang Rukyatil Polad lan rajeng Medayun,
Maliyat Kustur kalawan,
Wrahat Kustur datan tebih.
28. Prabu Nusirwan ngandika,
"Patih Bestak, prajurit Arab mangkin,
prang kemate saya wuwuh,
mau puthone emas,
teka ngamuk sapa rane ratunipun?"
Tur sembah Kya Patih Bestak,

"Raja Kalbujer prajurit.

29. Ing kulub prajaning nata,
senapati Kusniya Malebari,
lan malih raja Dukyanus,
Ngusur ratu prakosa,
ing kalkiyah raja Dukyadis kang sepuh,
sami ratu mandra guna,
ing Dhayak raja Dabatil.
30. Telukan kinarya kadang,
langkung geng sih Wong Agung Jayengmurti,
kinen monga putranipun,
Sang Prabu ing Kusniya."
Sru denya angling ratu anom Wrahat Kustur,
"Sun tumpese benjang-enjang,
Wong Kusniya tan ngunduri!"

55. PRABU WRAHAT KUSTUR NGEDALI PRANG

Durma

1. Wus rahina gumuruh ingkang tengara,
kendhang gurnang thongthong grit,
bendhene angangkang,
barung maguru-gangsa,
tetege mawanti-wanti,
tambur sauran,
mijil saguning baris.
2. Sultan anom Jayusman Samsu Murijal,
miyosi ing ajurit,
apan sampun lenggah,
ngamparan nawa retna,
ing kanan kang para aji,
kering nggenira,
sadaya kang para ri.
3. Mbanjeng lawan para putrane narendra,
aglar ratu prajurit,
kang badhe saos prang,
misah denira lenggah,
para putraning narpati,
kang kebak manah,
raja putra Ngabesi.
4. Atmajane raja Sadad Kadarisman,
tan lami denya kanin,
parandene kedah,
magut malih ngayuda,
titihan ngupaya malih,
mring nagri Dhayak,
antuk bakarles malih.

5. Ingkang sirah lembu cemeng awak macan,
kang bebuntut turanggi,
saprangkul ngumbala,
linapakan kancana,
taracak sakawan sami,
kinathok emas,
Tuhu ngebat-ebati.
6. Raden Kodrat Samadikun kedah mangsah,
Prabu Jayusman angling,
"Kulup aja mangsah,
pan sira durung waras,
aja age metu jurit,
yen waras pisan,
sira maguta jurit!"
7. Raden Kahar Kusmen putra ing Yujana,
umarek awotsari,
pamit ngedali prang,
alon denya ngandika,
Sang Aprabu Malebari
"Yayi den sabar,
padha warasna dhingin!"
8. Hiya kaduk wanter putra ing Yujana,
titihan angsal malih,
denira ngupaya,
saking nagri ing Dhayak,
jenggiri kang awak sapi,
sirah menjangan,
ana malih jenggiri,
9. Awakipun menjangan bantheng sirahnya,
keh warnaning jenggiri,
lan bakarles samya,
regi nyakethi dinar,
mangkana wau miyosi,
Sang Raja Wrahat,
Kustur anitih hesthi.

10. Anjenggarang kawot sakapraboning prang,
sarwi amandhi bindi,
prapteng rana sumbar,
"Sapa kang arsa pejah,
papagena tandang mami,
prabu taruna,
Hiya rajeng Kubarsi.
11. Ratu abot sesanggane ing ayuda,
jeg jumleg ingsun urip,
durung kalah aprang,
Heh payo wong Kusniya,
Kalbujer metua malih,
tandhing prawira!"
sigra raja Dabatil.
12. Rajeng dhayak amit miyosi ngayuda,
ingiden nitih hesthi,
kawot luhur liman,
kapraboning ayuda,
prapteng papan wus apanggih,
ayun-ayunan,
Wrahat Kustur sru angling.
13. "Sapa ranmu ratu ing ngendi ta sira?
mapag ing tandang mami!"
nauri: "Pan ingwang,
narendra saka Dhayak,
ya ingsun Prabu Dabatil,
ratu prakosa,
sira sapa raneki?"
14. "Wrahat Kustur ingsun ratu kang taruna,
ing nagara Kubarsi,
Heh sira mundura,
wong Dhayak tan sembada,
ngladenana ing prang mami!"
Sumaur sugal,
"Duk apa wong Kubarsi,

15. angungkuli marang karaton ing Dhayak,
angesoraken jurit,
dungkap pan wong Dhayak,
marang Kubarsi seba?
Kapan atur kulubekti?
Ambungen uga
tanganmu apa amis?
16. Tabet milang bulubekti saking Dhayak.
Ingsun tate naleni,
ratu kaya sira,
payo ta ageng aprang,
apa kang aneng sireki!"
Angangkat gada,
ratu anom Kubarsi.
17. Rajeng Dhayak kudhung parise malela,
muter gada sang aji,
sarwi ngencot liman,
angabenaken gada,
tumempuhe parisneki,
sang rajeng Dhayak,
jumbret tibeng tangkis.
18. Pan anglumba dipanggane rajeng Dhayak,
gumeter sri bupati,
nyata lamun kuwat,
onjo lan para nata,
sira sang prabu Dabatil,
nggetem kinuwat,
sigra amales mbindi.
19. Dadya rame prangira gada-ginada,
angrok pulet kang hesthi,
Wrahat Kustur nggada,
nganteb tinula-tula,
tan anggop nggenira nggitik,
pan karepotan,
sira raja Dabatil.

20. Den gegejeg ing gada tiba kasingsal,
kumbaning gajah keni,
kapalinder gada,
pecah gajahe pejah,
surak bala ing Kubarsi,
wus ginosongan,
sira raja Dabatil.
21. Rajeng Sindhangdhayang amit melak gajah,
Prabu Dhayangunari,
prapteng papan panggya,
sampun ayun-ayunan,
Wrahat Kustur sru denya ngling,
"Sireku sapa?
arsa nusul ngemasi."
22. "Sira tambuh sun narpati Sindhangdhayang,
raja Dhayangunari!"
saksana ginada,
tibeng parisnira,
sang prabu Dhayangunari,
males anggada,
rame bindi-binindi.
23. Kadi guntur surake mungsuh lan rowang,
rame ingkang ajurit,
dangu aprang gada,
seleh gada prang pedhang,
dangu datan migunani,
ambuwang pedhang,
sareng mangsahken hesthi.
24. Liman pulet kang nitih sendhal-sinendhal,
raja Dhayangunari,
kasor wus kasendhal,
uwal saking dipangga,
binanting kantakeng siti,
gya ginosongan,
Prabu Dhayangunari.

25. Amit melak dipangga Prabu Menara,
raja Bandhun prajurit,
prapteng rananggana,
sampun ayun-ayunan,
tatanya rajeng Kubarsi,
"Lah sira sapa,
ratu apa dipati?"
26. Ingsun rajeng Menara Bandhun raningwang,
gagawan Prangakik,
ingsun naking sanak,
lawan kang ibu nata,
kang minangka garwaneki,
Sultan Kuparman,
sun andel Parangakik.
27. Payo laknat telaten teman ta sira,
yen nora den temeni!"
Ya ta muter sigra,
Wrahat Kustur anggada,
raja Bandhun anadhani,
Paris malela,
kuwat pamukul neki.
28. Kadya gelap barung rosa kang atadhah,
parise mubal beni,
amales anggada,
raja Bandhun prakosa,
ginada rajeng Kubarsi,
parise mubal,
dahana liman anjrit.
29. Rame pupuh-pinupuh sami prawira,
surak gumuruh atri,
dangu aprang gada,
sami nginggil dipangga,
tan ana kasoran kalih,
dangu prangira,
malah kasapat latri.

30. Tinetegan mundur kalih kang ayuda,
lajeng bujana latri,
kang tatu tinamban,
dening putreng Marmaya,
dhukun Raden Umar Sadi,
memper kang rama,
yen kala ngusadani.
31. Raja Bandhun dinangu mring Harya Putra,
Pangeran Kaelani,
"Uwa Bandhun sapa,
mungsuh ingkang prawira?"
raja Bandhun matur aris,
"Kang rayi nata,
Wrahat Kustur taruni.

56. PRABU WRAHAT KUSTUR KASOR KALIYAN PANGERAN BAKDI NGUJAMAN

Sinom

1. Angger watawis kawula,
kekes prajurit Kubarsi,
pun Kalbujer duk umangsah,
pamuke peputhon rukmi,
kadandape ketawis,
pukulan pun Wrahat Kustur,
nglirik tingkah kawula,"
Gumujeng kang amiarsi,
sami mulat marang Kalbujer sadaya.
2. Sangsaya rame gujengnya,
mangkana rajeng Kubarsi,
Talsiyah dalu bujana,
gumerah idering larih,
asru angentrog wentis,
sira sang Warahat Kustur,
"Para ratu Kuparman,
andele keni kekalih,
benjang-enjang kadi yen tumpes sadaya.
3. Patih Bestak aturira,
kang kapupu ratu kalih,
dede prajurit Kuparman,
prajurit ing Malebari,
andele dereng mijil,
Kuparman Prabu Tamtanus,
lan Prabu Kewusnendar,
miwah raja Yusup Adi,

Darundiya lawan sang raja Tohkaran.

4. Kalawan Iskal, Iskalan,
Lamdahur lan Umar Madi,
kadangipun kawandasa,
samya andeling ajurit,
siji dereng medali,
ratu kadang patang puluh,
para ratu ing Selan,
satus andeling ajurit,
pan satunggil dereng wonten magut ing prang.
5. Raja Sarkab lan Sarsaban,
lan raja Dabarun Ali,
Parisdan lan raja Hukman,
Kalbudiyen lan Debruni,
raja Kemar Kuwari,
Raja Alam raja Uluk,
para raja Kuperman,
dereng mantra-mantra mijil.
maksih tangeh rempita andeling aprang.
6. Myang prajurit para putra,
kang tate mungkasi kardi,
siji dereng wonten medal,
tiga ingkang sampun mijil,
dereng prang lan wong ing ngriki,
Raden Kodrat Samadikun,
Sri Sadad Kadarisman,
punika ingkang sisiwi,
Raden Kahar Kusmen putra ing Yujana.
7. Lan Raden Samardikaran,
putra nata Sarkab Turki,
mung punika kang wus medal,
aprang lan Amir Anjilin,
raja putra Serandil,
kalih kang sami gegedhug,

putra Yunan lan Kebar,
ing Kangkan Ngerum Biraji,
dereng wonten satunggal kang medalana.

8. Putra jro andeling aprang,
Raden Ruslan Rustamaji,
dereng wonten mijil ing prang,
saguning para putra Mir,
Raden Kasim Kuwari,
kang sawiji adhuh biyung,
ingsun arsa weruha,
manungsa sangisor langit,
anadhahi yudane Pangeran Kelan.
9. Gegedhuging putra Ngarab,
sudibya prawireng jurit,
yen andhupak gunung sela,
maledug kantong samenir,
bagus prawira sekti,
tuhu kalamun pinunjul,
dhuh sapa ngalahena,
yen anylenthik gajah mati,
yen anjejak sagara toyana asat.
10. Kathah kang ratu kuciwa,
kapikut mring raden mantri,
miwah kang para satriya,
bupati soring ngajurit,
yen miyat Raden Mantri,
kadya pecat nyawanipun,
saking ulap ing cahya,
wudhu ing prang tanpa tandhing,
wus kasusra putra musthika pamer prang.
11. Kula eling ibunira,
kelaswara yen ajurit,
ratu katri kapat gajah,
binanting dados samenir,

yen ndhupak gunung nenggih,
maledug atemah awu,
lah hiya ngendi ana,
kaya putri Kaelani,
duk misihe kenya bikut mbedhah praja.”

12. Sakathahe kang miarsa,
ana suka ana sedhih,
batine kathah kang suka,
ujer sok gumendhung edir,
akeh kang pra narpati,
maras marase kalangkung,
jer durung memungsuhan,
amanggih kadi puniki,
tan angango tinanting tinimbang-timbang.
13. Ing dalu datan winarna,
ya ta kawuwusa enjing,
muni tengaraning yuda,
gong beri gurnang thonthong grit,
teteg mawanti-wanti,
bendhene tinitir ngungkung,
mijil baris malatar,
mungsuw rowang wus miranti,
baris aglar atepung kapang kalangan.
14. Munggeng patarana emas,
sang nateng nom Malebari,
supenuh kang pra narendra,
tuwin ingkang para ari,
ambanjeng kang prajurit,
para raja para sunu,
misah denira lenggah,
kang saos medal ngajurit,
ambeg sura para narendra tenaya.
15. Sang rajeng Rukyatil Polad,
Medayin lan ing Kubarsi,

lunggyeng patarana emas,
Wrahat Kustur mangsah malih,
sigra nitihi turanggi,
agemipun Layar Madu,
kawot kapraboning prang,
mangsahira asisirig,
prapteng papan Wrahat Kustur asesumbar.

16. "Heh ta payo metonana,
Wong Kusniya Malebari,
sapa kang arsa palastra,
papagena tandang mami!"
Wau ta duk miarsi,
Pangeran Ismayasunu,
amit marang kang raka,
mapag tandang ing ajurit,
wus kalilan mangsah Pangeran ing Kelan.
17. Anembah marang kang raka,
sigra anitih turanggi,
kawot sakapraboning prang,
turangga ran Jonggiraji,
mangsah mandhapan nyirig,
suraking bala gumuruh,
para prawira Kelan,
dhomas samya sura sekti,
santanane para ratu kalih belah.
18. Kang badhe mbelani pejah,
yen gusti tiwas ing jurit,
lawan para ratu bala,
miwah satriya dipati,
sakethi para mantri,
saleksa punggawanipun,
tan ana nedya gesang,
gustine yen tiwas jurit,
kabeh nedya kiyamat prajurit Kelan.

19. Gumer kang punggawanira,
munggeng sajabaning baris,
kalih kethi pitung leksa,
pilihan munggeng turanggi,
rong leksa munggeng hesthi,
wong Kelan pan kadya alun,
Sang Prabu ing Kusniya,
angawe wong Parangakik,
kang sakethi kinen awor wadya Kelan.
20. Para mantri pepilihan,
prajurit ing Parangakik,
sakethi anunggil cipta,
lan prajurit Kaelani,
Wau Rahaden mantri,
ing ayuda wus apanguh,
Wrahat Kustur tatanya,
"Sapa kang metu ngajurit,
Apa sira ratu anom ing Kusniya?"
21. Alon denira ngandika,
"Ingsun arining narpati,
marang Sang Prabu Kusniya,
putri Kelan ibu mami,
kang ibu Parangakik,
Hiya kangjeng kaka' prabu,
ingsun: Amirhatmaja,
hiya Iman Karnaheni,
Banu Kelan Pangeran Jaswadiputra.
22. Pan hiya Bakdi Ngujaman,
Lah apa aneng sireki.
Mungsuh sapa aranira?"
"Ingsun ratu nom Kubarsi,
Wrahat Kustur ran mami,
si kakang Maliyat Kustur,
sedheng tandhing lan sira,

pan padha ari narpati,
den prayitna Jaswadiputra sun gada!

23. Akudhunga bandabaya,
sun gada aja ngoncati!"
Wrahat Kustur muter gada,
sarta ngetab kang turanggi,
Raden Iman Karneni,
kudhung parise pinupuh,
Raden tangkis legawa,
kang paris sru mubal geni,
kadya guntur surake mungsuh lan rowang.
24. Pinindho malih ginada,
pining tiga datan osik.
Wrahat Kustur asru mojar,
"Malesa padha prajurit!"
Pangeran Kaelani,
alon denira amuwus,
"Lah hiya den prayitna,
kudhunga parismu aglis!"
Ya ta ngetab turangga amuter gada.
25. Ginada sang raja Wrahat,
Kustur anadhah ing paris,
kuwate panggadanira,
jumbret lir gelap muni,
pengkuh denira tangkis,
metyagni kang paris murub,
surake mawurahan,
antuk sisih kang ajurit,
denya sami kadange ratu wisesa.
26. Saksana malih ginada,
Wrahat Kustur anadhahi,
rosane panggadanira,
kuwate ingkang atangkis,
gumeter sri Bupati,

angres karaseng bebalung,
kang wolung puluh papat,
pining tiga ing panggitik,
Wrahat Kustur nguwatken panangkisira.

27. Gigiring turangga kapadal,
tugel bet tiba neng siti,
parisanira kaplesat,
gadane tumiba tebih,
gumebrug kajumpalik,
Sang Prabu Warahat Kustur,
tangi anarik pedhang,
sukune kuda Dyan Mantri,
ingkang arsa pinedhang sigra tumedhak.
28. Pangeran Bakdi Ngujaman,
ngadeg ngarsaning turanggi,
anangkis sarya ngandika,
"Dudu prajurit sayekti,
arsa medhang turanggi,
sun nganti ngawe balamu,
ingkang ngateri kuda,
ingsun tan cidra ing jurit!"
Ya ta prapta bala kang ngateri kuda.
29. Sigra wau tinitihan,
ngreb kapraboning prang malih,
Pangeran Jaswadiputra,
sampun nitih Jonggiraji,
kiniter sri bupati,
mendhapan turangganipun,
Wrahat kustur sru nggada,
Raden mantri mbuwang tangkis,
mung camethi kinarya panangkisira.
30. Gadane tiba kasingsal,
arupak repot ing jurit,
Wrahat Kustur narik pedhang,

gya medhang awanti-wanti,
tinangkis ing camethi,
tugel kapalesat kongsul,
pedhangira sang nata,
ngetab kuda marepeki,
arsa narik saking sanginggiling kuda.

31. Raden Mantri tan kasendhal,
sareng angetab turanggi,
mider prang candhak-cinandhak,
udreg sanginggil turanggi,
sinabet ing camethi,
kudanya Warahat Kustur,
sirahe kuda pecah,
Wrahat Kustur tiba malih,
kuda pejah sang nata aburangkangan.
32. Jeng Pangran Bakdi Ngujaman,
tedhak saking ing turanggi,
Wrahat Kustur pinaranan,
ngadeg ngarsane sang aji,
"Payo junjungan mami,
padha prang junjung ninunjung."
Wrahat Kustur gya nyandhak,
wangkingane Raden Mantri,
gya tinarik ingangkat dangu tan kangkat.
33. Sagunging karosanira,
kakumpul neng asta kalih,
parandene nora kangkat,
netranira mijil getih,
pineksa denya narik,
sacengkang dlamakanipun,
ambles aneng ing lemah
meksa pan nora ketarik,
sinelahken – "Angur anjunjunga harga.
34. Payo genti anjunjunga!"

cinandhak rajeng Kubarsi,
iket pinggane sinendhal,
Wrahat Kustur wus tinarik,
ingikal neng asteki,
tinon ing bala kadulu,
eram kang sami mulat,
wus dangu tininggil-tinggil,
Wrahat Kustur binanting gumuling lemah.

35. Kantaka sigra kang prapta,
Ki Apatih Abunandir,
ambanda sampun tinawan,
surake nengker wiyati,
Ya ta kasapih latri,
tinetegan sareng mundur,
prihatin ratu mengsah,
suka wadya Malebari,
kang katawan pra samya kingkin tyasira.

57. NAGARI KARSINAH KADHATENGAN MENGSAH

Asmaradana

1. Pinanjara sri bupati,
gantya wau kawuwusa,
ingkang sungkawa sang katong,
raja Anisirtu Ngalam,
sang prabu ing Karsinah,
dene ana mungsuh rawuh,
angepung nagri Karsinah.
2. Nagrane Nungsa Prenggi,
lawan ing Prenjuk punika,
enjing sineba sang katong,
Patih Kaolan Sadidan,
ingkang munggend ngayunan,
lawan kang rayi Sang Prabu,
Harya Mandali prawira.
3. Kang rama Sirtupeleli,
raja Anisirtu Ngalam,
ing Karsinah kadhatone,
kang eyang Rahaden Ruslan,
ratu pinardikeng rat,
minulya karatonipun,
duk puniku keneng coba.
4. Arsa pinapag ing jurit,
dereng ngaturi uninga,
ing putra Jayeng palugon,
mila datan winedalan,
aprang saking jro kitha,

sagung pra dipatinipun,
sakantune neng palatar.

5. Ingkang kathah pra dipati,
sami andherek kang putra,
Sirtupekli sakehe,
dthomas cacahing punggawa,
kalih kethi kang wadya,
dupi kang putra susunu,
diwasane Raden Ruslan.
6. Winuwuhan pra dipati,
kalih atus pra prawira,
wadya lit sakethi kehe,
mantri kawan ewu samya,
mila suweng Karsinah,
pra dipati kantun satus,
lawan mantri kalih nambang.
7. Marma methuk ing prajurit,
saking jro kitha kewala,
mila kang mungsuh praptane,
miarsa Sultan Kupaerman,
tumpes aneng Kusniya,
gung alit sawadyanipun,
aprang lawan rajeng Dhayak.
8. Rajeng Kulub lan Kubarsi,
tumpese Sultan Kupaerman,
apan mangkana wartane,
sigra Sang Prabu Karsinah,
nimbali pra dipatya,
ingkang rayi munggeng ngayun,
lan Patih Kolan Sadidan,
9. Kang tinari sri bupati
"Kaya paran mungsuhira,
ing yuda apa tingkahe?"
Patih Kaolan Sadidan,

sigra matur wot sekar,
"Menggah puniku pukulun,
wawrate pan maksih taha."

10. Angandika sri bupati,
raja Anisirtu Ngalam,
"Patih yen kaya mangkono,
sabateke sira tilar,
lumaku lelangaran,
ngaturena suratingsun,
mring gustinira Kuparman.
11. Kolan Sadidan wotsari,
"Pukulun putra paduka,
Wong Agung Jayeng palugon,
inggi lawan ingkang putra,
wayah tuwan Rahadyan,
inggi sarta ingkang ibu,
boten wonten ing Kuparman.
12. Neng Kusniya Malebari,
taksi mangun yuda brata,
Rukyatil Polad mengsahe,
kawula medal lautan,
enggal prapteng Kusniya,
bareng mangkat mangke dalu,
wong kawan atus kewala.
13. Kawrat sapacalang gusti,
Kya Patih wus tampai surat,
lengseng saking ngarsa katong,
Patih Kaolan Sadidan,
ing dalu budhalira,
anilib ing mungushipun,
tan winarna sampun mancal.
14. Datan kawarna jaladri,
arikat lampahing palwa,

Patih Karsinah praptane,
wonten nagari Kusniya,
anjujug raja putra,
lajeng aktur mring kadhatun,
marang ibu kalih pisan.

15. Raja putri Parangakik,
lan raja putri Karsinah,
lajeng katur Sultan anom,
Abunandir kang dinuta,
marang ing pulo Barjah,
atur uninga Wong Agung,
yen Patih Karsinah prapta.
16. Mesat Patih Abunandir,
wus prapta ing Pulo Barjah,
marek ing ngarsa wotsinom,
"Pukulun amba dinuta,
putra paduka nata,
tur uninga praptanipun,
Patih Kaolan Sadidan.
17. Punika surate gusti,
ramanta Prabu Karsinah,
pun apatih bepektane,"
Tinampan lajeng binuka,
"Taklimipun katura,
sakathahe saking tahu,
raja Anisirtu Ngalam.
18. Kawula atur upaksi,
Gusti ngaturaken tiwas,
tengga Karsinah kadhaton,
mangkya kadhatengan corah,
nagrine parangmuka,
ing Prenggi lawan ing Prenjuk,
balane yutan awendran.

19. Angepung kitha mrepeki,
saguning abdi paduka,
ing Karsinah sawontene,
kula dereng suka medal,
magut praptaning mengsah,
mempen jro kitha pukulun,
methuk prang saking palatar.
20. Pun paman ajrih nglangkungi,
angger ing karsa paduka,
inggi pun Prenggi tingkahe,
angrisak nama paduka,
ingkang sumbageng jagad,
suraya kabul rijalun,
kang tinitah kakungingrat.
21. Kang estu makmunur kasim,
sayidin panata dinan,
Jeng Ibrahim sarengate,
Sayidin Ali Iman,
Waluhum Sayidiman,
punika ingkang linebur,
Kalana Surayengjagad.
22. Pun paman anuwun pamit,
raja Anisirtu Ngalam,
pejah anglampahi pakon,
ing paduka Kakunging rat,
Surayeng pramudita,"
Wus miarsa awetu luh,
Wong AgungSurayengjagad.
23. Awlas ing rama Sang Aji,
wetuning runtik ing mengsah,
Wong Prenggi Prenjuk tingkahe,
animbali Umar Maya,
"Kakang payo mring praja!"
kang rayi kekalihipun,

sampun sami pinamitan,

24. Seh Wahas lan Seh Bawadi,
tedhak saking pulo Barjah,
lawan Marmaya andherek,
lan Bunandir katiganya,
ing marga tan winarna,
ing nagara praptani pun,
apanggih lan garwa putra.
25. Matur Putri Parangakik,
"Kadi pundi karsa tuwan,
pun paman Karsinah mangke,
kuthane kinepung mengsah,
sinten pantes metu prang,
Lamun parenga pukulun,
kula pribadi lumampah.
26. Kalawan pun yayi dewi,
tiga pun adhi Suwangsa,
Jaswadi lan sabalane,
ratu kang lampah prang cidra,
mengsah mukul Karsinah,
wadya jin dimene magut,
pinrih renggaling sampurna."
27. Kang putra matur wotsari,
Raden Ruslan mring kang rama,
"Yen kenging amba kemawon,
kang bantu dhateng Karsinah,
sampun long-longi wadya,
ngriki maksih mengsah agung,
dadya rembag pirembagan.
28. Kendel pikir dereng pasthi,
Patih Kaolan Sadidan,
ngandikan prapteng ngarsane,
Wong Agung alon ngandika,

"Paman Patih Karsinah,
paran ing bobotireku,
mungsu kang ngepung Karsinah?"

29. Umatu saha wotsari,
Patih Kaolan Sadidan,
"Gusti yen mengsah wawrate,
lair boten sapintena,
pan amung prange ngambat,
warti kang awrat pukulun,
mangsa boronga paduka.
30. Pan darbe putri sinekti,
Dewi Joharin Insiyah,
lan rajeng Prenggi kadange,
sang raja Martyus Danirham,
nateng Prenjuk namanya,
nenggi Pardiyan Kestandruk,
balane yutan awendra.
31. Wong Agung mijil tinangkil,
akaliyan ingkang putra,
munggwing tarub wangunane,
aglar sagung para nata,
Wong Agung angandika,
Patih Bunandir den gupuh,
para ratu kang katawan.
32. Padha wetokna den aglis,
saking panjaran sadaya!"
Sapuluh ratu cacahé,
Patih Bunandir tur sembah,
mesat saking ngajengan,
prapteng panjaranan sampun,
winedalaken sadaya.
33. Ingirid prapteng ngarsa Mir,
alon denira ngandika,

"Heh sakehe para katong,
sira pilih endi padha,
urip kalawan pejah,
yen matia sasar agung,
urip kasandhangan iman,

34. Lan maksih dadi narpati,
neng prajane sowang-sowang,
lawan dadi kadanging ngong,
dadi wong tuwane padha,
mring kabeh putraning wang,"
Ya ta ture para ratu,
"Nuwun ing supangat gesang."
35. Nulya sami den luwari,
kang para ratu sadaya,
nembah ing dalamakane,
Wong Agung Surayengjagat,
Wrahat Kustur ngandikan,
cinelakken ngarsanipun,
Wong Agung alon ngandika.
36. "Heh Wrahat Kustur sireki,
kaya ngapa tingkahira,
ing aprang kongsi katalen,
dening ki putra ing Kelan?"
Wrahat Kustur tur sembah,
"Putra paduka pukulun,
estu kakunging alaga.
37. Estu prajurit linuwih
jeng gusti Pangeran Kelan,
asru kawirutamane,"
Wong Agung angganjar samya,
mring pra ratu tawan,
pinulihaken puniku,
lawan sinalinan gama.

38. Wong Agung ngandika malih.
"Patih Kaolan Sadidan,
sira dhingina den age,
paman Prabu ing Karsinah,
ing galih aja susah,
sakehe pratingkah iku,
mucunga katemu ingwang.

58. WONG AGUNG PARING BEBANTU DHATENG KARSINAH

Pucung

1. Den agupuh, sira manjinga kedhatun,
hiya apanggiha,
heh kaki Ruslan den aglis,
pamitena Si Patih ing ibunira.
2. Wus malebu prapteng pura pamit sampun,
Ki Patih Karsinah,
mancal saking Malebari,
tan kawarna ing wuri wus paparentah.
3. Kang tinuduh sira sang prabu Tamtanus,
lawan nateng Kebar,
sapanekare para ji,
kang andherek marang Raden Putra Huslan.
- 4; Kang bebantu mring Karsinah eyangipun,
prajurit kang dharat,
kathah kang nitih turanggi,
pamrihipun rikata prapteng Karsinah.
5. Budhalipun saking ing Kusniya dalu,
wonten pitung yuta,
prajurit ingkang sinelir,
rina wengi lampahe Rahaden Ruslan.
6. Tigang dalu ing wuri budhal tumutur,
Sang Retna Sudara,
lawan Sirtupelaheli,
lan bala jin Jonggiraji lan Suwangsa.
7. Sangang ewu kakalih narendranipun,

ejin pepilihan,
wus sami napak wiyati.
Samya ngirim raja putri kalih pisan.

8. Gangsal ewu ejin ing Suwangsa tumut,
ing Retna Sudara,
kang patang ewu wadya jin,
Jonggiraji andherek Putri Karsinah.
9. Sadaya wus binektan lilin nyapuluh,
kang badhe sesawat,
saking ing wiyat ing latri,
damar lilin ambekta saking Kusniya.
10. Tan winuwus kang anusul para ibu,
Wau Raden Ruslan,
lan rajeng Kebar Yunani,
Raden Putra anilar prajuritira.
11. Mamprung-mamprung lampahira raja sunu,
tan atilar bala,
kang paman Prabu Yunani,
angaturi ing lampah sampun kasesa.
12. Meksa nungkul mring paman Prabu Tamtanus,
tan kawarneng marga,
cendhake ingkang winarni,
sampun prapta talatah bumi Karsinah.
13. Prapta bangun nerak pabarisan agung,
mung wadya kang rikat,
para mantri pra dipati,
para ratu kalebu wong kawan dasa.
14. Raja sunu prapteng papan petak asru,
mengsah sami gita,
sapa iki metu jurit.
Apa Sultan Kuparman wurung sedanya.
15. Pan kadulu kedhik kang metu puniku,

nulya winedalan,
pulunan Sang Rajeng Prenggi,
sura sekti peparabe Raden Minsan.

16. Tan adangu praptane Prabu Tamtanus,
nulya malih prapta,
rajeng Kebar Yusup Adi,
wonten malih prajurite kawan dasa.
17. Pan puniku kang sareng lan gustinipun,
kang kari sadaya,
anggili kang rikat prapti,
para mantri para dipati ken prapta.
18. Kang umagut Raden Minsan wus apangguh,
lawan Raden Putra,
Ruslan atetanya aris,
"Sapa ranmu wong Prenggi kang magut ing prang?"
19. Sru sumaur, "Ingsun pepulunanipun,
aran Raden Minsan,
si paman rajeng Parenggi,
apan ingsun iki andeling ayuda.
20. Sira iku apa wong Kuparman rawuh?"
"Ingsun Raden Ruslan,
ingsun putra Bagendha Mir,
ingkang wayah raja Anisirtu Ngalam."
21. Payo gupuh apa kang aneng sireku,
laknat lekasana!"
Raden Minsan angling wengis,
"Den prayitna putra Mbyah sira sun gada!"
22. Wus akudhung parisan gada tumempuh,
atangkis legawa,
ingkang asta datan osik,
pining kalih pining tiga tan wigata.

23. Minsan mukwus, "Payo malesa den gupuh!"
siga narik pedhang,
sarwi angetab turanggi,
gya tinitir pinedhang Rahaden Minsan.
24. Pan winuwung sigar ing parisanipun,
anrus marang sirah,
naratas marang ing gigir,
marang weteng marang kakapaning kuda.
25. Terus laju gigiring turangga rampung,
giris kang tumingal,
surake gumuruh atri,
raja Prenggi raja Prenjuk ngawe bala.
26. Kinen magut prajurite prang garbuh,
mbelani kang putra,
Ya ta Sang Prabu Yunani,
wruh semune orenging barising mengsah.
27. Mangsah magut sira Sang Prabu Tamtanus,
lan narpati Kebar,
saprajurit pra dipati,
mantri Yunan lawan para mantri Kebar.
28. Kang prapta wus patang kethi malah langkung.
Sang Prabu ing Yunan,
mangsah pedhange tinarik,
ngamukira tajem sang nata ing Kebar.
29. Raja sunu nglancangi raja Tamtanus,
sareng denya mangsah,
lan bala Prenjuk Parenggi,
tempuhing prang kadya guntur-magenturan.
30. Kang neng pungkur anggili prajurit rawuh,
miwah ing ngawiyat,
ting paluncar damar lilin,
amberanang gumuruh ing ngawang-awang.

31. Gupuh-gupuh bala jin wiyat gumuruh,
"Payo den prayitna,
tadhahana ing ajurit,
payo endi prajurit Prenggi kang dibya.
32. Ya ta wau wong jro kitha kagyat ngrungu,
carane kang aprang,
sampun ingaturan warti,
ing Karsinah Prabu Anisirtu Ngalam.
33. Ingkang rawuh kang wayah lajeng umagut,
saprajuritira,
rusak bala Prenjuk Prenggi,
samy a bibar ingamuk saking ing wuntat.
34. Sigra Prabu ing Karsinah sawadya gung,
mbukak lawang kutha,
pra dipati anjageni,
sugatane jodhang pirang-pirang leksha.
35. Samya niyup bala jin ngudani watu
sang rajeng Suwangsa,
miwan Prabu Jonggiraji,
ngadu bala angirab maruta ganda,
36. Udan watu ing paranggrahan kumrutug,
surak ing ngawiyat,
"Metua Prenggi prajurit,
kang anama Dewi Joharin Insiyiah!"
37. Wong Parenjuk wong Parenggi barisipun,
sami lelumbungan,
nyaleksa panthanireki,
bubar mawur geber ingudanan sela.
38. Nyewu-nyewu pamecahe baris kumpul,
bingung ting salebar,
saking sewu pecah malih,
bubarira bilulungan mundur mapan.

59. DEWI JOHARIN INSIYAH NGEDALAKEN KEMAT

Durma

1. Nyatus-nyatus pangumpule nyagolongan,
wadya jin angundhanghi,
sirep udan sela,
tedhak Retna Sudara,
miwah Sirtupelaheli,
amung paju pat,
pakuwon den obongi.
2. Byar rahina gelar kasor wus kuciwa,
prang padha angawaki,
Joharin Insiyah,
ngumpul marang kang raka,
kang baris tata wus mijil,
myang Raden Putra,
lan sagung para aji.
3. Baris kapang wus ngumpul wadya Karsinah,
sri narendra wus mijil,
ambekta palangkan,
miwah dhedhampar emas,
ginarebeg pra dipati,
Retna Sudara,
wruh kang paman umijil.
4. Dyan Sang Retna Sudara methuk tur sembah,
sang nata gugup angling,
sarwi kipa-kipa,
"Dhuh angger sampun nembah!"
matur putri Parangakik,
"Putra paduka,

Wong Agung Jayengmurti.

5. Anglilani inggih ing sembah kawula,
dhateng paduka pasthi.”
sawusnya Sang Retna,
nulya kang rayi nembah,
Retna Sirtupelaheli,
nulya kang putra,
nungkemi padeng kaki.
6. Gya Sang Prabu Tamtanus lan rajeng Kebaf,
miwah sagung para ji,
kumrubut anembah,
marang Prabu Karsinah,
sawusnya tata alinggih,
munggeng paprangan,
angadu aprang tandhing.
7. Raja Prenggi ngandelaken prange kemat,
putrine wus sinekti,
Joharin Insiyah,
sigra metokken kemat,
sulap bajone binalik,
sabongkoting tal,
tugu selaka putih,
8. Pan sekawan angadeg tengah payudan,
eram kang aningali,
Kusuma Sudara,
angling ”Lah iki kemat,
cacaken papat bupati,
pranga turangga,
aja tanggen ing jurit.
9. Leledheken ing yuda sun arsa wikan,
tangkepe ing ajurit,
sulape si kopar,
den bisa aprang indha,

mangsah punggaweng Yunani,
prajurit papat,
kang wasis prang turanggi,

10. Pinaranan tugu selaka kang sa-tal,
surak gumuruh atri,
mungsuh lawan rowang,
prapta prajurit papat,
kudane adheyan sami,
sentana Yunan
sira Raden Sukradis.
11. Sakancane mrepeki tugu selaka,
ngembat lawung pinethit,
ngagagi anumbak,
tugu selaka mayat,
apan arsa anibani,
nggiwar angiwa,
sira Raden Sukradis,
12. Gya tinumbak wau kang tugu selaka,
tumancep waos neki,
tugu mayat ngarsa,
ngrubuhi mungsuhira,
nggiwar anengen Sukradis,
anguger watang,
tan bisa angrubuhi.
13. Nora bisa ngiwa nengen rubuhira,
hiya mung ngarep neki,
kang titiga datan,
obah kendel kewala,
katri prajurit Yunani,
neng wurinira,
Hiya Raden Sukradis.
14. Retna Dewi Sudara gumujeng latah,
myang Sirtupelaheli,

tuwin bala kuswa,
sami suka tumingal,
solahe ingkang ajurit,
tugu salaka,
bisane mung sawiji.

15. Yen wineton saking ngarsa mung bisanya,
yen menggok nora bangkit,
dangu denira prang,
panyanane Sang Retna,
tugu kinarubut jurit,
ing wadya leksan,
yekti ngamuk ing jurit.
16. Yen ing ngarsa anaa mungsuh sayuta,
yekti bisa ngrubuhi,
puniku pinapan,
prang tandhing nora bisa,
amung pinapag wong siji,
pan nora bisa,
si tugu amateni.
17. Sira Raden Sukradis angawe bala,
kinen ngleledhek siji,
metua ing ngarsa,
ya ta ingkang ingatag,
prajurit Yunan satunggil,
mara anumbak,
mring tugu kang sawiji.
18. Wus andhempeng mangulon tugu selaka,
tinumbak andhoyongi,
nanging nora nyimpang,
tugu pambujungira,
rong pambalang dohireki,
nulya angiwa,
gepak jengelek tangi.
19. Mandheg malih sira kang tugu selaka,

gumer ingkang ningali,
malah mantri Yunan,
ngleledhek kapat pisan,
siniwowo nganan ngeri,
sampun kapisah,
ponang tugu nggen neki.

20. Pan sadina aprang lan tugu kewala,
amung Raden Sukradis,
santana ing Yunan,
kelar prang lawan kemat,
nora kongsi den bantoni,
wekasanira,
Sang Putri Parangakik.
21. Angejepi ratu jin kalih anulak,
sareng denya njemparing,
ing sanjata barat,
gya kang tugu selaka,
balik minger pamuk neki,
numbuk anerak,
wong Prenjuk wong Parenggi.
22. Mawut-mawut ingamuk tugu selaka,
keh pejah kapalipis,
ingkang karebahan,
satus rong atus remak,
maledug prajurit Prenggi,
bubar sarsaran,
dening kemate balik,
23. Pan kasaput ing dalu lajeng lorodan,
rajeng Prenjuk Parenggi,
wonten kang sinedya,
ngungsi guruning kemat,
sri naranata ing Drenis,
Sapti Yunasar,
jujuluking narpati.

24. Patang puluh dina saking ing Karsinah,
katur ing raja putri,
lawan raja putra,
yen mengsah lajeng sirna,
lorodan sami sawengi,
Radyan miarsa,
pamit ing ibu kalih.
25. Miwah marang kang eyang Prabu Karsinah,
ingandheg datan keni,
kedah angunsira,
ing palayuning mengsah;
dadya Putri Parangakik
nuduh ngiringa,
"Yayi Prabu Jaswadi.
26. Lawan Yayi Miswan padha rumeksaa,
marang putranireki,
aja sira beda,
lan si Bakdi Ngujaman."
tur sembah ratu jin kalih,
Rahaden Ruslan,
lan mantri kang sinelir.
27. Kawandasa ingkang datan kena pisah,
sampun anilar baris,
anjojog adheyan,
nyongklang ngatepang wedhar,
para ratu pra dipati,
kantun tinilar,
nyerot ing siyang latri.
28. Kawuwusa sang raja Sapti Yunasar,
sira sang nateng Drenis,
praptaning caraka,
saking Martyus Danirham,
lan Kestandrus Prenjuk Prenggi,
atur uninga,
yen kasor ing ajurit.

29. Badhe ngungsi ing Drenis sawadyanira,
putra Mbyah kang angungsir,
rajeng Drenis sigra,
amasang ngelmu kemat,
kuthane wus den ubengi,
bebiting toya,
larene mili geni.
30. Ya ta wau ratu kalih kasor ing prang,
lorode pitung latri,
kasundhul ing lampah,
praptane Raden Ruslan,
duk mekuwon neng wanadri,
arsa rerepa,
karsane tigang latri.
31. Tengah dalu Raden Putra prapta petak,
gumludhug ing wiyati,
mantri kawan dasa,
lajeng magut ngayuda,
pakuwon den obrak-abrik,
geger wurahan,
lolos lumayu wengi.
32. Nanging golong papathan prajuritira,
kang kacandhak keh mati
ana nungkul gesang,
bebandan ting karencang,
kang panggah-panggah ngemasi,
kyeh kacekuthak,
miwah kacandhak urip.
33. Siyang dalu jin wiyat ngudani sela,
rusak prajurit Prenggi,
kinodhòl tan arsa,
mapag prangira Radyan
milanggung ing saben ari,
akeh kajarah,

wadya Prenjuk lan Prenggi.

34. Prapteng kitha Drenis wus manjing sadaya,
kori saketheng sami,
tinutupan toya,
laren isi dahana,
telase wong Prenjuk Prenggi,
Dyan putra prapta,
tan bisa manjing kori.
35. Dadya mubeng lan sawadya kawandasa,
tutup sadaya sami,
ing geni lan toya,
tan ana sinung lawang,
Sru ngandika Raden Mantri,
"Lah kadi paran,
karsane paman kalih.
36. Paman ing Jonggiraji lan ing Suwangsa,
Kadi pundi puniki,
mengah masang kemat,
lelaren geni toya?"
Matur sang raja Jaswadi,
"Amba tan wikan,
ingkang tuwan prihatin.
37. Yen manungsa kang sami lampah prang kemat,
pletikan ngelmining jin,
tetiayang martapa,
nguni kang darbe purwa,
jinunjung panggih lawan jin,
winuruk sulap,
punika wite sami.
38. Kangjeng angger darbe ejin wewutuhan,
Suwangsa Jonggiraji,
jin ratu lan bala,
punapa maras ing tyas?"

gumujeng Raden Mantri,
"Leres paman,
kula pan kalempit."

39. Ngawe bala sira sang rajeng Suwangsa,
lan nateng Jonggiraji,
sami paparentah,
mring wadya jin sadaya,
"Geni lan toyane iki,
lebokna kutha,
hiya banyune dhingin!"
40. Dyan rumagang lawan kasantikanira,
sakathahing bala jin,
wau kawarnaa,
raja Sapti Yunasar,
lan sang nata Prenjuk Prenggi,
sami kasukan,
gumuruh senggak neki.
41. Panarkane mungsuh lawan wong sadonya,
nora sor ing ajurit,
nenggih sok masiha,
raja Sapti Yunasar,
lali pangupayaneki,
mungsuh wong Arab,
lamun Gambuh ing jurit.

60. PRENJUK, PRENGGI, LAN DRENIS TELUK DHATENG RADEN RUSLAN

Gambuh

1. Lali wewekanipun,
lamun jeng Sultan Kuparman iku,
atmajane kang tuwa ngratoni ejin,
sadaya jin ing donyeku,
kang Islam sagung jin katong.
2. Ing karaton pan mashur,
Retna Kurisin prawira punjul,
para ratu jin kapid kang sekti-sekti,
nora nangga wawratipun,
mring Kuraisin binoyong.
3. Mangkana sang aprabu,
katiga nayub ing siti luhur,
kagyat bala ing jawi kalaban warih,
toyane njog ngalun-alun,
katur marang sang akatong.
4. Lamun toya geng rawuh,
sampun ngalabi ing ngalun-alun,
pinariksa toyanya prapta ing biting,
wus sirna dahananipun,
mungsu sampun manjing ing jro.
5. Wonten jawi lun-alun,
putra Kuparman pangiridipun,
toya sampun ngalabi sajroning puri,
waket jangga ting kacebur,
gumrah geger ing kadhaton,

6. Sapti Yunasar gupuh,
ing Drenis alon amatek ngelmu,
ngangkat sulap wali-wali tanpa dadi,
amasang-masang pan wurung,
sawiji datanpa dados.
7. Wau sang rajeng Prenjuk,
Prenggi pan samya awas adulu,
sapolahe gurune sang rajeng Drenis,
kasoran prabawanipun,
kasektene tanpa dados.
8. Rembage rajeng Prenjuk,
sedyane sami nungkula alus,
sigra manjer neng panggung bandera putih,
waspada Prabu Tamtanus,
kang putra jinawil alon.
9. "Angger puniku nungkul,
bandera putih wonten ing panggung,
nanging kadi inggih ratune ingkang kakalih,
kang satunggil boten nungkul,
ratu kang darbe kadhaton.
10. Tan dangu praptanipun,
Prabu ing Jonggiraji Swangseku,
tur uninga kakalih mring Raden Mantri,
yen ratune kalih nungkul,
satunggil kang maksih wangkot.
11. "Paran karsa pukulun,
kula bektane satunggilipun,
pun Sapti Yunasar sang prabu ing Drenis."
"Inggih paman den agupuh!"
Wangsul sang aprabu karo.
12. Maksih neng siti luhur,
ratu katiga kekalih sampun,
wus utusan amanjer bandera putih,

pratondha pasthi anungkul,
kang siji maksih ngupados.

13. Ing pangabaranipun,
anjungkar-jungkir dangu tan jebul,
wus cinandhak marang sang prabu Jaswadi,
astane kalih rinangkus,
kang ambanda nora katon.
14. Lajeng atiba lungguh,
bebandan puput ing jangga ngrengkuk,
sang Sapti Yunasar sira rajeng Drenis,
binanda linggih angrengkuk,
kang mulat sadaya gawok.
15. Prapta Prabu Tamtanus,
ngiring kang putra mring siti luhur,
ratu kalih Prenjuk lawan rajeng Prenggi,
manembah ing raja sunu,
sumungkem ing pada karo.
16. Angling Rahaden sunu,
"Sapa arane ratu kang ngrengkuk?"
matur nembah rajeng Prenjuk lan ing Prenggi,
"Pun Sapti Yunasar ratu,
kang darbe Drenis kadhaton."
17. Raja putra tanya sru,
"Sapa kang mbanda marang sireku?"
tanpa ngucap Sapti Yunasar ing Drenis,
angandika raja sunu,
"Anjaluka tulung gupoh!"
18. Ya marang brahalamu,
kang sira sembah kang sira aku,
Pangeraning Bumi tan sirajaluki,
tulung nguwarna badanmu,
yen uga Pangeraning ngong.

19. Sun jalukana tulung,
yekti nulungi Pangeraningsun!”
Rajeng Prenjuk lan Prenggi winuruk sami,
kalimah kalih puniku,
Ibrahim ingkang kinaot.
20. Rajeng Prenggi lan Prenjuk,
wus nyandhang iman sabalanipun,
Raden putra parentah ing Prabu kalih,
Jonggiraji Suwangseku,
kang toya wus kinen nglorod.
21. Mung kari waket jengku,
raja Sapti Yunasar wus sinung,
sinrahakan marang Sang Prabu Yunani,
wus winarangka sang prabu,
jinarah jroning kadhaton.
22. Binoyong estrinipun,
sang rajeng Drenis warangkanipun,
kinunjara sarta ingapit ing geni,
maksih aneng siti luhur,
akeh eram ingkang tumon,
23. Ingkang panjara banyu,
raja Jaswadi ing Suwangseku,
kang angapit geni nateng Jonggiraji,
ing Drenis punggawanipun,
ngandika sami tinaros.
24. Marang Prabu Tamtanus,
munggeng ngarsanira raja sunu,
samya kinen aningali ratuneki,
Sapti Yunasar tinantun,
antepe ingkang sayektos.
25. Urip kalawan lampus,
Sapti Yunasar nangis umatur,
”Nuwun gesang inggih yen kanggea ngabdi,

ing jeng gusti sang abagus,
anglampahi ing sapakon."

26. Sigra kinen anebut,
kalimat kalih sampun mituhu,
linuwaran saking ing panjaran warih,
nembah ngraup padanipun,
mring sang putra prawira nom.

61. RADEN RUSLAN DHAUP LAN DEWI JOHARIN INSIYAH

Sinom

1. Sang raja Sapti Yunasar,
pinasrahan nagri Drenis,
ngulihken karatonira,
mengku ing Drenis nagari,
kang binoyong pawestri,
pinaringken malih sampun,
pasrah karatonira,
sri naranata ing Drenis,
wus tarima sira raja putra Ruslan.
2. Aneng sitinggil kewala,
pakuwonira sang pekik,
raja Prenggi tur prasetya,
ngaturken putrinireki,
katura anyenyethi,
marang sira Sang Abagus,
Ni Joharin Insiyah,
ewed tyasira Sang Pekik,
ing batine ajero birahinira.
3. Ing dalu apaguneman,
lan kang paman ing Yunani,
tuwin Sang Prabu ing Kebar,
miwah sang raja Jaswadi,
sang prabu Jonggiraji,
ngedheng cara manungsa,
nanging awak sapata,
balane misih cara jin,

ya ta wau mring karsane raja putra.

4. "Heh paman Prabu Suwangsa,
ya iki sang raja Prenggi,
ngaturaken putranira,
iku paman karsa mami,
panggiha lan si adhi,
Pangeran Ismayasunu,
yayi mas Banu Kelan."
Umatut raja Jaswadi,
"Boten angger, sae kagarwa paduka.
5. Inggih ngger rayi sampeyan,
Pangeran ing Kaelani,
nenggih sampun pinaringan,
mring kang ibu Parangakik,
raja putri Kubarsi,
Retna Kadarwati sampun,
kagarwa rayi tuwan."
sumambung rajeng Yunani,
"Anaraha karsane ibu andika.
6. Kusuma Retna Sudara,
sampun dika mimikani,
sampun nulad ing karsanya,
yen pinaringana miji,
ibunta Parangakik,
sakarsa-karsa tinurut."
Mesem sang harya putra,
nurut ing Prabu Yunani,
Kuneng ingkang gunem areng pasanggrahan.
7. Wuwusen ingkang ngambara,
sira raja putri kalih,
ing Parangakik Karsinah,
atitinjo ing ajurit,
praptane tengah wengi,
niyup kadhaton jinujug,

sampun miarsa warta,
yen wus kasor ratu katri,
pan jinejep anjujug ing siti bentar.

8. Kalih manjing pasanggrahan,
geger bubar kang alinggi,
sami tumurun kewala,
wus lenggah sang putri kalih,
kang putra angabekti,
marang ibu kalihipun,
wus tata palenggahan,
ngandika Sudarawreti,
"Yayi Prabu paran mengko mungsuhira.
9. Miwah ri Prabu Suwangsa,
tuwin ari Jonggiraji,
kaya ngapa mungsuhira?"
Umatu narendra katri,
"Ing prang sampun kajodhi,
ing mangke wus samya nungkul,
anut ing putra tuwan,
rajeng Prenggi atur putri,
apanengran Dewi Joharin Insiyah."
10. Ngandika Retna Sudara,
"Heh ki Ruslan anak mami,
iku jatukramanira,
sayekti luwih utami,
linamar ing ajurit,
apan karsaning Hyang Agung,
ngganjar kangelanira,
dene sira anglakoni,
parentahe Hyang Suksma nyelakken sasar.
11. Dewi Joharin Insiyah,
jodho paringan Hyang Widdhi,
liring panglurugan padha,
ratu gung nagari Prenggi,

angaturaken putri,
yeku sasmiteng Hyang Agung,
Kulup lah tampanana,
putrine wong nungsa Prenggi!"
samy a mesem gumuyu ingkang miarsa.

12. Samya mulat ingkang putra,
ngandika Sudarawreti,
"Pagene padha ngeseman?"
Tur sembah rajeng Yunani,
"Wau saweg pinikir,
putra paduka pukulun,
pan inggih ajeng selak,
pinanggiaken ingkang rayi,
raja putri lan putra tuwan ing Kelan.
13. Kawula ingkang amalang,
kawula turi ngentosi,
kang dados karsa paduka,
mangke paduka kang nindhih,
kadi ta ingkang pikir,
dhawuh paduka pukulun."
Angling Retna Sudara,
"Tan kena selak ki Mantri,
lamun lumuh sayekti nampik nugraha."
14. Byar rina manjing kadhatyan,
sira raja putri kalih,
Dewi Joharin Insiyah,
ngabekti mring putri kalih,
wus samya tata linggih,
aneng sajroning kadhatun,
Kuneng wau winarna,
wonten bebantu kang prapti,
baris ageng saking nagari Kusniya.
15. Prajurit ingkang turangga,
seseliran tigang kethi,

prajurit kang nitih gajah,
tigang leksa para mantri,
pangiride kang baris,
Raden Kodrat Samadikun,
Sri Sadat Kadarisman,
Ngabesi ingkang sisiwi,
lampahira yeku kinarya ampungan.

16. Wong Agung Surayengjagad,
namur awor lampah neki,
nora kawruhan ing mengsah,
yen melu bantu pribadi,
mung kalok wong Ngabesi,
Raden Kodrat Samadikun,
bebantu mring Karsinah,
ing Karsinah den liwati,
lajeng dhateng nagara Drenis kewala.
17. Ing mangke enjang praptanya,
geger nagari ing Drenis,
Songga rungi dereng wikan,
wus dangu samya miarsi,
yen bantu Malebari,
Raden Kodrat Samadikun,
ingirid manjing kitha,
sadya manjing Ngabesi,
sapraptane angedheng Sang Kakungingrat.
18. Lajeng manjing ing jro kitha,
Wong Agung Surayengbumi,
wus panggih putra lan garwa,
miwah sagunging para ji,
ngungun lega kang galih,
katur ing sasolahipun,
nalika bandayuda,
sira sang aprabu katri,
samya ngaras padane Sang Kakungingrat.

19. Prabu Tamtanus tur sembah,
"Pukulun Sang Rajeng Prenggi,
atmajanipun wanodya,
ingaturaken anyethi,
ing putra paduka Mir,
kakasihipun pukulun,
Ni Joharin Insiyah,
ing nguni andeling jurit,
ing kang kinen angagem prang ngelmu kemat.
20. Kemate sampun kasoran,
dhateng pun raja Jaswadi,
kalawan pun raja Miswan,
miwah pun raja ing Drenis,
ing reh sampun kajodhi,
pun Sapti Yunasar nungkul,
dhateng putra paduka,"
Wong Agung sigra nimbali,
marang raja Jaswadi lan raja Miswan.
21. Prapta kakalih tur sembah,
angraup padanira Mir,
dinangu solahing yuda,
"sulape sang rajeng Drenis,
sapa ing kang muruki,
upayanen yayi Prabu,
sakehe balanira."
tinitik sampun katitik,
jin urakan desa tur iku dhedhekah.
22. Juru kebone sang nata,
nenggih kang duwe patinggi,
raja Jaswadi punika,
juru kebone si Nawir,
ing kang duwe patinggi,
ing Minangeng dhukuhipun,
Pak Dulil namanira,
gurune sang rajeng Drenis,
tinimbangan Pak Dulil prapta ing ngarsa.

23. Dinangu purwane kala,
memuruk sang rajang Drenis,
sulape Sapti Yunasar,
pun Dulil matur wotsari,
"Nalika nateng Drenis,
wonten ing guwa setaun,
nggenipun amartapa,
punika kula dhatengi,
saking awlas denya kedah kinawasa."
24. Sang Raja Sapti Yunasar,
ingandikan sampun prapti,
ngarsane Sang Kakungingrat,
sigra sang rajeng Yunani,
tanya mring nateng Drenis,
sira sang prabu Tamtanus,
"Adhi sapti Yunasar,
sinten muruk ing sireki?
ngelmu kemat kaprawiraning ayuda?"
25. U matur Sapti Yunasar,
"Ing Minangeng gusti mami,
nama pun Dulil punika,
muruk pangabaran jurit,"
gumujeng kang miarsi,
tatanya Prabu Tamtanus,
"Yen ing ngriki wontena,
gusti andika Pak Dulil,
punapa boten pangling pekenira?"
26. U matur Sapti Yunasar,
"Apan inggih boten pangling."
wong Agung ngejepi marang,
sira sang raja Jaswadi,
prapta ejin Pak Dulil,
neng wurine lurahipun,
Nawir kebon punika,

neng wuri raja Jaswadi,
pinaranan mring raja Sapti Yunasar.

27. Sinembah akipa-kipa,
ajrih mring raja Jaswadi,
gumyak sagung kang tumingal,
ngandika Sang Jayengmurti,
"Heh sira rajeng Drenis,
den angrasa den a-emut,
sore martabatira,
jin desa sira guronu,
mengko sira wus anut mring putraning wang."
28. Pan wus kasandhangan iman,
samengko bisa sireki,
tetemu lan ejin raja,
apa sakayunireki,
nggeguru ing ajurit,
martabatira wus luhur,
kabala sutaningwang,
Tur sembah sang rajeng Drenis,
"Sakalangkung anuwun kalingga murda.
29. Langkung geng supangat tuwan,
ing dasih sinung patitis,
kang sayekti boten nistha."
angungun sang rajeng Drenis,
nggrahita tyasireki,
ing pratingkah andhap luhur,
ing mangke sampun awas,
panggawe kang nora yakin,
siya-siya panggawe kang wus kaliwat.
30. Mangkana ngundhang budhal,
marang Karsinah nagari,
wadya gung tanpa wilangan,
saking nagari ing Drenis,
Prabu Karsinah myarsi,

yen Wong Agung praptanipun,
njujug Drenis kewala,
ing mangke kondurireki,
Jayengrana marang nagari Karsinah.

31. Pan sampun sampurneng mengsah,
anungkul sang ratu katri,
tumulut ndherek mring Karsinah,
Sang Prabu Karsinah mijil,
lan sagung pra dipati,
saking jro kitha amethuk,
kang putra lan kang wayah,
prapteng jawi kitha tebih,
wus akarya tarub agung Dhandhanggula.

62. RADEN RUSLAN JUMENENG NATA ING KARSINAH

Dhandhanggula

1. — Garwa kalih sampun angriyini,
lajeng maring jro pura kewala,
wau Wong Agung lampahe,
budhal sawadya kebut,
nenggih saking nagari Drenis,
sang raja Drenis milya,
lan sagarwa sunu,
ing marga tan winursita,
sampun prapta ing Karsinah tepis wiring,
ndungkap ing pamethukan.
2. Pan Wong Agung ingaturan uning,
yen kang rama Sang Prabu Karsinah,
amethuk lan sabalane,
"Sampun celak pukulun,
rama tuwan sri narapati,"
Wau duk amiarsa,
dyan tedhak Wong Agung,
dangu denya lampah dharat,
wus katingal agupuh sri narapati,
malajengi kang putra.
3. Sigra tundhuk kang putra wotsari,
Prabu Karsinah akipa-kipa,
ngrangkul anulak sembahe,
binekta manjing tarub,
lenggah tunggil satata sami,
nulya sumembah gantya,

para ratu-ratu,
lajeng mider larihira,
sawusira lajeng dhahar sawadyeki,
budhal manjing jro kitha.

4. Prapta ingaturan manjing puri,
ingkang rama munggend siti bentar,
aneng panangkilan kabeh,
saguning para ratu,
pan Wong Agung kang prapteng puri,
wus panggih lawan garwa,
ing sakalihipun,
lajeng samya paguneman,
ingkang rama sang Prabu Sirtu Ngalami,
wus manjing jroning pura.
5. Matur mring kang putra Jayengmurti,
ngaturaken nadar amagawan,
pasrah marang karatone,
kang wayah dipun suwun,
gumantia karaton nuli,
mengku nagri Karsinah,
kawula dhedhukuh,
ngluluri sapangat tuwan,
ngelmi saking paduka kula ugemi,
amrih ing kapandhitan."
6. Lega tyase ngandika Sang Amir,
"Inggih daweg ta paman punika,
pan sampun wonten kanthine,
wayah tuwan puniku,
yen pun Ruslan madega aji,
kang mangka isining kang
johan palowanu,
senapatining ayuda,
rajeng Prenjuk ing Drenis lan rajeng Prenggi,
samya ratu prakosa.

7. Ratu katri sampun den timbali,
prapteng ngarsa Wong Agung ngandika,
"Yayi Prabu katigane,
mengko sutanireku,
hiya ki Ruslan den pasrahi,
karaton ing Karsinah,
marang eyangipun,
yen sira saguh rumeksa,
bot repote pakewuh iku ta nuli,
sayekti ingsun angkat."
8. Matur nembah katiga narpati,
"Inggi tuwan degena narpati,
kang amikul bot repote,
inggi raja katelu,
kang dadósa lamaking jurit,
migena parangmuka,
den atemah lebur,
mumur sagung pra dipatya,
prajurite ing Prenjuk Drenis lan Prenggi,
rumeksa putra tuwan.
9. Mrih luhure adege narpati,
kanan keru nagri ing Karsinah,
para ratu sadayane.
inggang tan purun anut,
amba inggang nggempura sami."
Suka Sang Kakungingrat,
animbali gupuh,
Sang aprabu ing Suwangsa,
sapraptane jro pura raja Jiwadi,
Wong Agung angandika.
10. "Yayi Prabu Suwangsa sun tuding
muliha mring nagari Ngajerak,
atur uninga wiyose,
marang jeng rama Prabu,
lawan yayi Ismayawati,

kalamun ingkang wayah,
sun degaken ratu,
mengku nagara Karsinah."
nuwun idi kalawan nuwun kekasih,
paparabing karajan."

11. Nembah lengser sang raja Jaswadi,
prapteng jawi mesat ing ngawiyat,
silem ing ima lampahe,
ing marga tan kawuwus,
prapta nagri Ngajerek enjing,
lajeng nateng Suwangsa,
mangkana anuju,
sang nata siniweng bala,
kagyat praptanipun sang raja Jaswadi,
nembah angaras pada.
12. Sapitungkas katur sadayeki,
nateng Ngajerek nimbali putra,
lan wayah sareng praptane,
ngandika sang aprabu,
"Anakingsun Ismayawati,
lakinira kongkonan,
marang sun asung wruh,
lamun hiya putranira,
kaki Ruslan ingadekaken narpati,
mengku nagri Karsinah.
13. Nuwun idin lan nuwun kakasih,
sira dhewe babo lumakua,
ing Karsinah Parek kene,
lawan putranireku,
wayahingsun si nata dewi,
ngideni sutanira,
ing wasiyatingsun,
paparabireng karajan,
paparaba: Sri Ruslan Danurus Samsi,
raja mudha Karsinah.

14. Iki makutha pusaka mami,
kang bukasri lawan prabeng jaja,
sungsun tri bandhowarane,"
ingkang putra wotsantun,
paparentah ngrukti pakirim,
pangadeging karajan,
myang woh-wohan agung,
sang putri amit ing rama,
sigra mesat lan kang putra Kuraisin,
ngawiyat saha bala.
15. Munggend palangka sang putri kalih,
Dewi Ismaya lawan kang putra,
pitung yuta jin kang ndherek,
datan kawarneng ngeni,
anungkuli Karsinah nagri,
wuwusen ing jro pura,
Karsinah Wong Agung,
ing wanci pukul sakawan,
sore malek ganda angebeki puri,
Wong Agung lan kang garwa.
16. Sudarawreti Sirtupelaheli,
sami tedhak aneng palataran,
wus nduga lamun praptane,
tan adangu maniyub,
wus katingal sang putri kalih,
Sudarawreti nembah,
lan Retna Rabingu,
sami ngrangkul padanira,
Kuraisin nembah mring ibune kalih,
rinangkul tinangisan.
17. Lajeng ngiring mring Ismayawati,
manjing dalem marek ngaras pada,
angaturaken salame,
kang rama Sang Aprabu,
nuwun ndheku Sang Jayengmurti,

matur Dewi Ismaya,
"Punika pukulan,
pusakane rama tuwan,
mring kang wayah makutha sungsun bukasri,
lawan sinung paparab.

18. Prabu Ruslan ya Danurus Samsi,
ing kang mengku nagari Karsinah,
dene kang mangka jodhone,
rama tuwan nggih rembug,
putri Prenggi pan den estreni,
kagarwa mring kang wayah,
ki Ruslan pukulan,
ing Prenggi ratu prakosa."
Ingaturan raja Sirtu Ngalam prapti,
sadaya wus winartan.
19. Lamun kang wayah wus den ideni,
mring kang eyang Bathara Ngajerak,
pangadege rajeng mangke,
lan pinaring jejuluk,
makutha wus den wasiyati,
bebadhong bandhowara,
Duk miarsa wau,
gya sujud nateng Karsinah,
yen kang wayah sinambrameng mring ratu jin,
ngadeg sinung paparab.
20. Raja Ruslani Danurus Samsi,
Sultan anom ing nagri Karsinah,
rajeng Ngajerak idine,
Ya ta kuneng ing dalu,
enjing ningkah lan putri Prenggi,
Nini Joharin Insiyah,
pan sampun apanggih,
langkung ageng kang bawahan
pendhak Soma adegira narapati,

mengku nagri Karsinah.

21. Sang Raja Ruslan Danurus Samsi,
kang minangka isining wijohan,
katri lan mara tuwane,
manggalaning pakewuh,
senapati panata baris,
misesa ngasmareng prang,
panutan bala gung,
yen mungguh sajroning rana,
Martyus Dirham mra tuwa sang nateng Prenggi,
Drenis Sapti Yunasar.
22. Rajeng Prenjuk Kestandrus Driyani,
katri manggala raja prakosa,
samyak kathah prajurite,
myang ulubalang laut,
akeh wadya kang pra dipati
satriya lan punggawa,
kang amanca agung,
manjing nata binathara,
Sira Prabu Ruslani Danurus Samsi,
meh nimbangi kang raka.
23. Sultan Agung Kusni Malebari,
Prabu Jayusman Samsu Murijal,
undha usuk karatone,
agung bawahanipun,
tigasane madeg narpati,
ingestren jenengira,
mring raka lan ibu,
putri jin nagri Ngajarak,
Wus mangkana praptaning kawandasa ri,
pamit unkur-ungkuran.
24. Kondurira marang Malebari,
lan kondure mring nagri Ngajarak,
mung ratu tri sabalane,

kukutha kojor tugu,
tengga aneng Karsinah sami,
kang eyang amandhita,
dhedhep aneng gunung,
nenggih Wukir Danaraja,
nekakaken pakewuh adegira ji,
luhure kering kanan.

25. Rajeng Karsinah tansah mong resmi,
kuneng Karsinah gantya winarna,
Wong Agung wau kondure,
mring Malebari rawuh,
kang kocapa putra Ngagesi,
saking nagri Karsinah,
Kodrat Samadikun,
Wong Agung tembe uninga,
denira mor balane putra Ngabesi,
prapta dadi tontonan.
26. Wadyaning mungsuh samya ningali,
wadya Ngabesi kalane prapta,
manjing marang pakuwone,
tan wruh lamun Wong Agung,
kang ngampung baris Ngabesi,
barise raja putra,
Kodrat Samadikun,
malah surup dereng telas,
kang bala jin Suwangsa lan Jonggiraji,
bareng aneng ngawiyat.
27. Samya ngganggu-ganggu kang wadya lit,
ejin kang maksih rare ing wayah,
sesemben sami gelathe,
buron alas binuru,
sawer ajag miwah trenggiling,
bajing lutung jelarang,
wenara lan kuwuk,

saha samya cinekelan,
buntutira sami kinanthilan geni,
binuwang pondhok mengsah.

28. Pukul wolu wayahireng wengi,
pakuwoning mungsuh abusekan,
jin urakan panggawene,
kang sami ala nganggur,
ambuwangi buron wanadri,
lawan geni upetnya,
kang kinarya buntut,
geger pakuwoning mengsah,
ingkang pinggir udan buron udan geni,
dene kang dipun nyana.
29. Panggawene putra ing Ngabesi,
dene gamane kang mentas liwat,
durung telas pawingkinge,
malah kasaput dalu,
maksih kathah bala Ngabesi,
kang sami alelampah,
tambuh geni murub,
kathah kang pakuwon kobar,
pakuwone punggawa kang pra dipati,
pra samya ngungsi tengah.
30. Abusekan pakuwon ing wengi,
nyana panggawene metyeng nglaga,
dadya para ratu kabeh,
tengara samya ngumpul,
mring pakuwon raja Rukyatil,
rajeng Kubarsi prapta,
Sri Maliyat Kustur,
miwah Sang Prabu Nusirwan,
geger ngumpul sawadya putranireki,
kering mring Patih Bestak.
31. Ingkang pinggir maksih geger atri,

apuyengan udan buron wana,
binuntutan geni kabeh,
sigra patih sang prabu,
ing Talsiyah raja Rukyatil,
kalihe mandra guna,
wasis ing prang lembut,
raja Bardas kang tuwa,
raja Bardus kang enem prayitneng westhi,
matek sanjata barat.

32. Nanging bala wus kathah ngemasi,
kang tinunjang tempuh sami rewang,
wus katututan kemate,
Ki Patih Bardas Bardus,
angin gora kadya nyaponi,
sirep kang bilulungan,
wruh ing rowangipun,
dahana sadaya sirna,
nanging sampun akethen kang angemasi,
punggawa ngumpul wuntat.

63. PATIH BESTAK NGUMUKAKEN PRAJURITIPUN WONG AGUNG

Pangkur

1. Binekteng marang ngayunan,
 pra dipati ingkang makuwon pinggir,
 Kyana Patih Bardas Bardus,
 sapraptaning ngayunan,
 sinaosken tinanggap saaturipun,
 kang dadi purwa punika,
 geger akarya pepati.
2. Pra dipati aturira,
 ingkang sami makuwon aneng pinggir,
 Dhuh pukulun sang aprabu,
 kang ngratoni Talsiyah,
 run-tumurun ingkang prakosa dinya nung,
 sura sekti mandra guna,
 kang asih ngapureng dasih.
3. Duk wanci ing pukul dasa,
 enjing wonten dadamel langkung gusti,
 wadya lit kathah kadulu,
 pra samya tinakonon,
 kang adarbe bala Kodrat Samadikun,
 saking nagri ing Karsinah,
 lampahe putra Ngabesi.
4. Mentas bebantu ing yuda,
 prange unggul raja putra Ngabesi,
 Raden Kodrat Samadikun,
 nitih bakarles pelag,
 malah dalu dereng telas barisipun,

wadyane kang wuri pisan,
ngudani buron lan geni.

5. Samya surak giyak-giyak,
swaranipun kadya nengker wiyati,
milanya kadya pinusus,
gusti amung punika,
datan wonten malih-malih purwanipun.”
Sang Prabu Rukyatil Polad,
kumejot asru denya ngling.
6. ”Heh Patih Medayin sira,
apa pantes panggawe kang kadyeki,
dudu trape wong linuhung!”
umatur Patih Bestak,
”Inggi pantes yen pun Kodrat Samadikun,
kathah putra para raja,
estu nyalunthang pribadi.
7. Punika pun raja Sadad
Kadarisman Ngabesi ingkang sesiwi,
pan kaprenah putunipun,
mring Sadat Ngabdul Ngumar,
duk ningali aneng jro panggonanipun,
nyemut gatel alit mila,
mring Wong Agung Jayengmurti.
8. Wong tuwane tan kuwasa,
mila ladak inggi putra Ngabesi
winulang tangkeping mungsuh,
marang Sang Kakungingrat,
mila manjing Samadikun anak anung,
prawira ngungkuli bapa,
widigdaya ing ajurit.
9. Punika kinen mbantu prang,
mring Karsinah aprang lan rajeng Prenggi,
kalawan sang rajeng Prenjuk,

kasoran kalih pisan,
wus kabanda dening Kodrat Samadikun.”
wagede Kya Patih Bestak,
ngimbuhi-imbuhi pawarti.

10. Ngungun Sang Rukyatil Polad,
dene rare ambanda para ji,
Patih Bestak malih matur,
”Puniku ta punapa,
mangsa kadya putra Yujana pukulun,
atmajane Kewusnendar,
Kahar Kusmen luwih sekti,
11. Eketan ratu kabanda,
Kahar Kusmen yen prang nitih jenggiri,
awak naga sirah lembu,
inggi puniku mangsa,
ngungkuli Raden Sirat Mardanus,
putrane Sang Rajeng Yunan,
prandene nora ngungkuli.
12. Putranira Umar Madya,
Umar Jaman lan Raden Banu Arli,
punika boten anyundhul,
putra kakalih Selan,
amedosi atmaja Prabu Lamdahur,
pun Banarungsit kang tuwa,
kang anom Raden Pirngadi.
13. Andhupak gunung ing Dhayak,
dadya awu yen anggada jaladri,
toya piyak asatipun,
lalakon tigang ejam,
lan setengah punjulipun kalih menit.”
Malongo ingkang miarsa,
umuke Rekyana Patih,
14. ”Pan putrane para raja,

nggih sami ingambil putra sami,
mring Kalana Jayeng pupuh,
winuruk ing ayuda,
mila awrat sinangga ing prang pupuh,
sugih bala bandhu-bandha.
ing ayuda sekti-sekti.

15. Kekes kang samya dereng prang,
para ratu myarsa umuking Patih,
pan kalih jam denya njetung,
parigel rapet caplak,
samya ngadel nora wruh yen umuk-umuk.
Kuneng wau kawuwusa,
jeng Sultan ing Malebari.
16. Myarsa kang rama praptanya,
suka-suka kalawan sagung prajurit,
mangkana enjang winuwus,
Sang Nata atengara,
animbangi tengara sang rajeng mungsuh,
gumerah beri wurahan,
kendhang gurnang lan thong-thong grit.
17. Mijil baris para nata,
lir samodra gegaman Malebari,
wus mijil sang ratu mungsuh,
tengarane wurahan,
wus miranti wadya gung kapang atepung,
anglir girindra dahana,
surem ingkang bagaspati,
18. Ya ta Wong Agung Kuparman,
arsa mijil jenengi ing ajurit,
prapteng rana wus kapangguh,
ing singangsana retna,
para ratu neng wijohan palowanu,
para senapatining prang,
ing rana datan ngunduri.

64. PANGERAN KELAN NGEDALI PRANG

Durma

1. Sang Aprabu Jayusman Samsu Murijal,
keringe rama linggih,
munggeng dirgasana,
rinawi ing kumala,
nulya wau ingkang rayi,
neng wijohan mas,
Rahaden Rustam Aji.
2. Lan kang rayi Rahadyan Jaswadiputra,
myang Dyan Ambyah Kuwari,
ngajeng Harya Maktal,
lan Harya Tasikwaja,
aglar kang ratu prajurit,
munggeng ngayunan,
kang para raja siwi.
3. Ingkang sami saos magut ing ayuda,
misah denira linggih,
wus arakit samya,
kapraboning ayuda,
berag samya ber kuwanin,
sagung para putra,
srah mawantah toh pati.
4. Dening gul-aguling prang aneng ngalaga,
sekunging kang makingkin,
anglir wuyunging dyah,
raja putra Yujana,
miwah putra ing Ngabesi,
kang samya lanas,

ing kangkan lan ing Turki,

5. Putreng Srandil kang anem kalangkung lanas,
Dening putra Kohkarib,
kang tuwa kang lanas,
putra Rum kalih pisan,
sadaya samya kuwanin,
Wau sang raja,
Talsiyah lan Kubarsi.
6. Sampun sami mijil saprajuritira,
neng padmasana rukmi,
tuwin sang narendra,
Medayin Sri Bathara,
anjenengi ing ajurit,
umyang gumerah,
beri gurnang thongthong grit.
7. Amit nembah jeng Pangeran Banu Kelan,
ing rama Jayengmurti,
tuwin mring kang raka,
Sultan Samsu Murijal,
Sri bupati Malebari,
seret saurnya,
tumungkul denira ngling.
8. Marebel luh kagagas kang rayi lola,
tanpa ibu pribadi,
sadaya ri nira,
winong mring ibunira,
"Yayi aja sira mijil,
pan wedi ingwang,
yen durung den lilani.
9. Kangjeng ibu sok deduka marang ingwang,
sira krep metu jurit."
Kang rayi tur sembah,
"Wingi sampun pamitan,

jeng ibu ing Parangakik,
inggi wus lilah,
kula medal puniki."

10. Kuneng ari lan raka diya-diniya,
kang ibu kalih prapti,
sampun munggeng wiyat,
utusan amitungkas,
"Si kulup Si Jonggiraji,
yen metu ing prang,
aneng madyaning jurit.
11. Konen medhun sanalika anembaha,
mring eyange Medayin,
si Dhawuk Nusirwan
ingkang jenengi ing prang,"
sandika mesem metoni,
Pangeran Kelan,
Wau Sang Jayengmurti.
12. Suka mulat mring putra asih kekadang,
asru narimeng batin,
marang ingkang garwa,
Retna Dewi Sudara,
sih palimirma sayekti,
mring ingkang putra,
Raden Iman Karneni.
13. Angandika Wong Agung Surayengjiagad
"Yeku sida metoni,
ki Prabu ri nira?"
Sultan Kusniya nembah,
"Pun ibu samya nglilani,
njangkung tan tega,
rumeksa neng wiyati.
14. Inggih kalih pun ibu Karsinah samya,
marmantuk mring pun adhi.
mangke prapteng rana,

mudhuna saking kuda,
nembaha rajeng Medayin,
wonten punika,
njenengi ing ajurit.”

15. Sigra nitih turangga Pangeran Kelan,
kawot kaprabon jurit,
anyamethi kuda,
Jonggiraji adheyan,
prapta ing papan sesirig,
surak gumerah,
wong Kelan Parangakik.
16. Surak umung kadi karengeng ngawiyat,
cingak mungsuh ningali,
miyat ing tandangnya,
Pangeran Ibnu Kelan,
ngilangken langen sabumi,
turangganira,
asri busananing jin.
17. Gebyar-gebyar kumaraning jagat raya,
srawungan ngilat-thathit,
surya aliweran,
kang raka Raden Minsar,
lan bapa raja Jaswadi,
ngawengi surya,
sinorotaken kedhik.
18. Angeneni gumolong soroting surya,
prabaning Raden Mantri,
barising kang mengsah,
atup sengsem tumingal,
ing cahya anuismeng sasi,
ana kang ngucap,
iku kang luwih sekti,
19. Ingkang mindha kumaraning jagat raya,

- Sang Prabu ing Medayin,
 tan miarsa warta,
 miwah dereng uninga,
 "Hoheh Bestak sapa iki,
 kang magut ing prang,
 cat ilang cat kaeksi?"
20. Matur nembah, "punika wayah paduka,
 ibu Kelaswareki,
 duk seda konduran,
 binuwang mring samodra,
 kawuningan Kuraisin,
 pan wayah tuwan,
 ing Ngajrak kang ngingkudi.
21. Kawanwelas taun neng nagri Ngajerek,
 mung saejam kariyin,
 meningi neng Kelan,
 sawengi lan rong dina,
 wonten madyaning jaladri,"
 Goyang kapala,
 Sang Prabu ing Medayin.
22. Pan kagagas Nusirwan nenggak kang waspa,
 wau ingkang sesirig,
 mubeng aneng papan,
 dangu tinon ing kathah,
 enget welinge buneki,
 Retna Sudara,
 pitungkasireng nguni.
23. Kinen nembah marang kang eyang Nusirwan,
 tedhak saking turanggi,
 nedya ngabektia,
 marani nggoning mengsah,
 pitung tindak winitawis,
 jajaranira,
 jin satus munggeng ngarsi.
24. Sri Nusirwan denira lenggah neng tengah,
 padmasana pribadi,
 Rukyatil neng kanan,

- lenggah dhedhampar emas,
Maliyat Kustur neng kering,
ampilanira,
anunggil aneng ngarsi.
25. Binuwangan mring wadya jin ting palesat,
tiba ing wuri tebih,
Rukyatil binuwang,
lawan dhedhamparira,
sang raja Kubarsi sami,
satibanira,
sapambalang dohneki.
26. Taksin sami lenggah neng ngamparanira,
nanging enggene tebih,
kantun sri narendra,
Nusirwan maksih lenggah,
praptanira Raden Mantri,
wadya jin piyak,
neng ngarsa tan kaeksi,
27. Sri Nusirwan ulap myat cahyaning wayah,
sareng denya nedhaki,
kang wayah cinandhak,
angraup padanira,
Sang Prabu waspa dres mijil,
kagagas ing tyas,
resepira mimbuihi.

65. PRABU MALIYAT KUSTUR KASOR YUDANIPUN

Gambuh

1. "Dhuh nyawa putuningsun,
hiya iki Bestak lahiripun,
ulihingsun saking ing Cina nagari,
wus lawas patbelas taun,
putuku kongsi semono."
2. Sang Nata tansah njetung,
wau Jaswadi prayitneng kewuh,
manawa na kang mungsuh sikareng jurit,
wau Dyan Ismaya sunu,
dangu kinempit sang katong.
3. Kang mulat samya ngungun,
anon Pangeran Ismayasunu,
cinelakan pekike saya ngranuhi,
eram kang samya andulu,
sasat sitengsu duk miyos.
4. Nuju patbelasipun,
ima sumilak resik dinulu,
gilar-gilar lir katrangan udan katri,
ujwala basanta nawung,
gumilang-gilang mancorong.
5. Wus mundur saking ngayun,
sira Pangeran Ismayasunu,
lir tinebak mong tuna rajeng Medayin,
lamlamen ing wayahipun,
arawat luh sarywa ndongong.
6. Wus tebih raja sunu,
lawan kang eyang rajeng Medayun,
siga denya anitih turangga malih
sesirig anguwuh mungsuh,

"Sapa mapag tandangingong?"

7. Ya ta wau Sang Prabu,
Rukyatil lawan Maliyat Kustur,
sigra denya awangsul nggenira malih.
ngandika rajeng Medayun,
"Heh ta anak prabu karo.
8. Ngong titip wayahingsun,
singa-singa kang magut ing pupuh,
Si Bakdi Ngujaman aja den pateni!"
matur Sang Maliyat Kustur,
"Inggi sampun walang atos!
9. Mangsa wontena iku,
nandhahi prange wayah pukulun,
lamun dede Maliyat Kustur Kubarsi,
kang nandhingi yudanipun,
wayah tuwan wus kinaot.
10. Kathah kang wus kapikut,
inggi prajurit kang para ratu,
kasor dening Pangeran Banjaransari,
prawira sekti satuhu,
ampuh yudane prang popor.
11. Pun adhi Wrahat Kustur,
inggi sampun kasoran ing pupuh,
inggi dhateng wayah paduka sang pekik,
sampun ta maras pukulun
wayah paduga tan kasor.
12. Mangsa kongsia lampus,
kawula tawan katur pukulun,
supayane paduka weta ningali,
tuwan kanthi rinten dalu,
wayah tuwan yen kaboyong.
13. Sigra Maliyat Kustur,

amit mring rajeng Talsiyah magut,
den anthuki ingiden raja Rukyatil,
gya nitih turangga sampun,
gagamaning prang wus kawot.

14. Turangganira mamprung,
prapteng payudan apan wus pangguh,
atatanya Pangeran ing Kaelani,
"Sapa ranmu kang umagut?"
rajeng Kubarsi lingnya lon.
15. "Ingsun Maliyat Kustur,
Nateng Kubarsi ing prang pinunjul,
Payo suteng Kuparman atandhing sekti,
apa kang aneng sireku
age tamakna maringong!"
16. Nauri sang binagus,
"Dudu caraningsun aprang pupuh,
andhingini!" angling sang raja Kubarsi,
"Hiya den becik tangkismu,
tadhahana gadaningong!"
17. Sigra muter gada gung,
raja putra pan sampun akudhung,
ing parise waja pinantik retna di,
gaweaning jin pinunjul,
angetap kuda sang Katong.
18. Asru denira mupuh,
tangkis legawa sang narpa sunu,
rosaning panggada kuwate panangkis,
jumbret lir gelap barung,
gumrah surake ponang wong.
19. Pinindho ing pamupuh,
tan osik wau panangkisipun,
pining tiga tan obah denya nadhahi,
sru angling Maliyat Kustur,

"Heh babo tuhu kinaot."

20. Payo malesa gupuh!"
Raden mantri alon sauripun,
"Den prayitna sun gada rajeng Kubarsi,"
anginger turangganipun,
dyan ngikal gada kinaot.
21. Kudhung Maliyat Kustur,
parise waja sigra pinupuh,
tri gumuruh mengsah rowang surak neki,
sangete ingkang pamupuh,
kuwate kang tangkis tanggon.
22. Gumeter kudanipun,
obah balunge Maliyat Kustur,
ingkang satus rong puluh sigar apalih,
parisanira sang prabu,
sirahing kuda kagepok.
23. Ing gada pejahipun,
tiba lungguh Sri Maliyat Kustur,
sigra tedhak Pangeran ing Jonggiraji,
animbangi mungsuhipun,
sang rajeng Kubarsi mengkok.
24. Anarik pedhangipun,
sareng praptane parisanipun,
aprang pedhang adangu denira jurit,
salin gegaman ping pitu,
adangu tan wonten kasor.
25. Sagung gegaman sampun,
salin awarna-warna atumpuk,
rempu kabeh nora nama migunani,
sadina wekasanipun,
marakken astane karo.
26. Gantya junjung-jinunjung,

wau kang prapta anander mamprung,
prapteng papan gya tedhak saking turanggi,
Jayusman Murijal Samsu,
ingkang rayi wau kinon.

27. "Mundura ya sireku,
ingkang rayi noleh awotsantun,
undurira wurining raka tan tebih,
rajeng Kusniya jinunjung,
tan osik saking ing enggon.
28. Jinunjung kaping telu,
sru ingangkat meksa tan kajunjung,
kadya gajah wesi nateng Malebari,
sukune Maliyat Kustur,
sadekung lemahe dhekok.
29. Sagunging kuwatipun,
kinumpulken asta kalihipun,
marentul rah jempole ingkang jariji,
Wus seleh Maliyat Kustur,
mempis-mempis anglingnya lon.
30. "Payo malesa njunjung!"
sigra Jayusman Murijal Samsu,
nyandhak wangkingane sang rajeng Kubarsi,
jinujulan petak asru,
ingikal binanting enggon.
31. Patih Bunandir gupuh,
nalení Prabu Maliyat Kustur,
wus katawan surake nengker wiyati,
baris tinetegan mundur,
kalihe pan wus makuwon.
32. Lajeng baskara surup,
samyá prihatin narpati mungsuh,
suka Prabu ing Kusniya Malebari,
miwah kang rama Wong Agung,

tuwin ingkang para katong.

33. Samya bujana nayub,
wau sang raja Maliyat Kustur,
sinrahaken marang kadange taruni,
kang nama Warahat Kustur,
punika kadange anom.

66. PRABU RUKYATIL POLAD MANGSAH PRANG

Sinom

1. Kang anom pan sampun Islam,
ingkang kapikut ing nguni,
Wrahat Kustur nandhang iman,
kang raka wus den timbali,
marang Sang Jayengmurti,
sang prabu Maliyat Kustur,
tinari antepira,
umangsuk agama sukci,
anut ingkang rayi kang wus nandhang iman.
2. Ingulihken kratonira,
Maliyat Kustur Kubarsi,
ratu agung binathara,
angreh samaning narpati,
kang anom angulihi,
aneng sor Warahat Kustur,
wus pinaring busana,
sangkep kepraboning aji,
sinung palenggahan ratu wadana.
3. Wus kinon tunggil lenggah,
lawan Prabu ing Serandil,
Kohkarib wadana tuwa,
nglurahi sagung narpati,
paribawa sinami,
wau sang Maliyat Kustur,
lawan Prabu ing Yunan,
Yujana Kebar Ngabesi,
Rum Santari Biraji Kangkang Dinawar.

4. Kuljum ing Demis Tursina,
Ngalabi Pirkari Turki,
Kuristam Kaos ing Sarwal,
Katijah Bustam Santari,
kathah lamun winarni,
para ratu kang pangayun,
antara tigang dina,
Islame nateng Kubarsi,
Wong Kubarsi punggawa mantri satriya.
5. miwah ingkang para nata,
gung alit bala Kubarsi,
jedhul saking pakuwonnya,
kebut pan sareng sawengi,
mor baris Malebari,
wadyane Maliyat Kustur,
kandel pasuwitanya,
kadange Ni Kadarwati,
Wus kagarwa mring Pangeran Banu Kelan.
6. Mangkana rajeng Talsiyah,
Rukyatil Polad prihatin,
miwah Bathara Nusirwan,
kenine rajeng Kubarsi,
dadya tan metu jurit,
alami lagya winangun,
budi pangupayeng prang,
Rukyatil Polad narpati,
kathah para raja ingkang samya prapta.
7. Kya Patih Bestak gya ngunggar,
ing tyase Prabu Rukyatil,
dhasare ratu prakosa,
mung sakedhap tyase gempil,
nulya angadeg malih,
Wagede Bestak anggunggung,
ngugung sadina-dina,
mipil weh manis aramping,
malah wuwuh surane Rukyatil Polad.

8. Mangkana wau ingucap,
solahe Prabu Rukyatil,
denya prang lan bala Arab,
neng Kusniya Malebari,
andina tigang sasi,
kathah ingkang para ratu,
kasoran ing ayuda,
nadhahi ing saben ari,
prang ngawaki Sang Raja Rukyatil Polad
9. Cinaturaken kewala,
balane Sang Jayengmurti,
para ratu pitung dasa,
punika kang nandhang kanin,
kang kapikut ing jurit,
para narendra sapuluh,
mung prange kaping tiga,
puniku winarna malih,
denira prang lan para ratu pangarsa.
10. Ing dina sawiji mapan,
mijil Sang raja Rukyatil,
wadyane baris kalangan,
wong Kusniya Malebari,
animbangi miyosi,
barise bala akepung,
neng padmasana retna,
Sultan anom Malebari,
ingkang rama neng ngamparan dirgasana.
11. Ing kering kang para putra,
ing kanan para narpati,
Wau Sang Rukyatil Polad,
lenggah lan nateng Medayin,
amit miyos ing jurit,
ingiden nateng Medayun,
nitih dipangga buntal,
amandhi gada ngajrihi,
wawrat karobelahing kati katimas.

12. Anglela aneng dipangga,
dedege raja Rukyatil,
satus pitung puluh egas,
prawira prakosa sekti,
arang kelar nadhahi,
ing bobote sang aprabu,
raja Rukyatil Polad,
sembada wudhu ing jurit,
datan betah miarsa sang rajeng Selan.
13. Amit miyos ing ayuda,
Lamdahur anitih hesthi,
anglela amandhi gada,
undha-undhi kang ajurit,
amung kaceke nenggi,
telung puluh gas puniku,
pan satus sapuluh gas,
dedege rajeng Serandil,
Sang Rukyatil satus patang puluh egas.
14. Leluwihe ratu Ngarab,
pan amung rajeng Serandil,
tan ana kang ngungkulana,
punika raja Rukyatil,
prandene angungkuli,
ageng lawan luhuripun,
mangkana yudanira,
Lamdahur lawan Rukyatil,
Pan sadina Lamdahur nora kasoran.
15. Enjinge metu ngayuda,
sira sang raja Rukyatil,
Pangeran ing Banu Kelan,
Bakdi Ngujaman miyosi,
tan wonten kasor kalih,
sadina prange anutug,
rempu gegamanira,
tan ana kang migunani,

esmu kether sang rajeng Rukyatil Polad.

16. Kasapin suruping harka,
bubar pur ingkang ajurit,
enjing malih ayuda,
Rukyatil datan miyosi,
amung rajeng Drenggani,
Buharjan ingkang umagut,
lan sang prabu Berkiyah,
andel sang rajeng Beskahir,
sang aprabu Kubarsi kang cinarita.
17. Amit miyosi ngayuda,
ingandheg mring Bagindha Mir,
tuwin mring Prabu Kusniya,
meksa kudu metu jurit,
cinatur tigang ari,
prangira Maliyat Kustur,
ratu kakalih pejah,
Dening sang rajeng Kubarsi,
nenggih raja Beskahir nateng Buharjan.
18. Lawan sang rajeng Berkiyah,
nenggih sang rajeng Drenggani,
kang kacekel kalih welas,
samyat ratu sura sekti,
langkung prawireng jurit,
sang raja Maliyat Kustur,
eram kang sami mulat,
kuwate rajeng Kubarsi,
telung dina antuk ratu kawan welas.
19. Sang raja Rukyatil Polad,
den ancang-acang tan mijil,
kalangkung wuwuh sihira,
Wong Agung Surayengbumi,
myang Prabu Malebari,
pracayanira kalangkung,

pinasrah angemonga,
barang pakewuhing jurit,
mring kang rayi Pangeran Bakdi Ngujaman.

20. Wus kinen tunggil pondhokan,
amor bala Kaelani,
dhasar kaibe punika,
mring Pangeran Kaelani,
kusuma Kadarwati,
pakramanira sih lulut,
lan Kelaswaraputra,
sang putri langkung sih beti,
cipta sengsem sasat akrama pupujan.

21. Putri punjul pramudita,
putrine rajeng Kubarsi,
manis luwes bisa krama,
kinasihan marang laki,
kedhik malang gambuhi,
watara kacek rong taun,
nanging kepara bisa,
akrama Ni Kadarwati,
ing asmara anuntun pamucungira.

67. MEMULIH MANAHING BALA

Pucung

1. Ya ta wau sang raja Maliyat Kustur,
klangkung suwitanya,
ing ipe batine gusti,
ing Pangeran Kelan Kelaswaraputra.
2. Wrahat Kustur lan raka Maliyat Kustur,
langkung sih bektinya,
ing ipe gusti sang pekik,
datan betah towanga seba sadina.
3. Denya dulu ing ipe langkung binagus,
tur adining putra,
ngilangken langening bumi,
ambek arja ing prang prawira digdaya.
4. Dhasar besus Kadarwati mong ing kakung,
rong atus cethinya,
kang sami putrining aji,
pinilihan antuk putri salawe prah.
5. Ingkang punjul sinaosken marang kakung,
mangka kalangenan,
kang kekalih mungguh rabi,
samya angreh kang selir nyawelas sowang.
6. Ciptanipun Kadarwati marang kakung,
ing sakarsa-karsa,
sasukanira nuruti,
tan kumedhep ciptane nglabuhi krama.
7. Balanipun warise rama rumuhun,
apan sanegara,

ageng nagari Tubabin,
kerigane anglurug bala sayuta.

8. Mantrinipun saleksa samas tumenggung,
kang winor kang dadya,
panandhone Kadarwati,
ing Tubabin kaputren bala sayuta.
9. Mangkya wuwuh kang raka mbektani ratu,
kang minangka emban,
sang raja Kodrat ing Mentrik,
mila klangkung sihira Pangeran Kelan.
10. Ipenipun sinungga-sungga kalangkung,
cipta labuh pejah,
kalihe rajeng Kubarsi,
mring ipene Pangeran Kelanhatmaja.
11. Ya ta wau gantia ingkang winuwus,
sang Rukyatil Polad,
datan amiyosi jurit,
ngulih-ulih gempaling atining bala.
12. Saben dalu bujana lan para ratu,
punggawa satriya,
myang hulubalang prajurit,
tuwin ingkang rama Bathara Nusirwan.
13. Hirman Hurmun Semakun Bestak tan kantun,
ngiras aguneman,
ngandika raja Rukyatil,
"Paran Bestak pan wartane ingkang mengsah?"
14. Bestak matur "Pun raja Maliyat Kustur,
langkung geng tyasira,
mangkya sang rajeng Kubarsi,
pinaringken marang kang rayi ing Kelan.
15. Dhasaripun kaipe mring raja sunu,

milane punika,
denya prang kepati-pati,
pun Maliyat Kustur sampun mendem sadat.

16. Jadhi batur prange kaya anak lutung,
nanti jadhi lawan,
prange lir ngrubuhna langit,
amateni mbanda para raja-raja.
17. Keneng kulhu keni pikate wa helul,
tenunge wong Arab,
al akumut lam ya kunil,
singa klebon mendem prange ambek pejah.
18. Winginipun prange sang Maliyat Kustur,
kadi gajah meta,
tan ana kelar nadhahi,
kadya ndekep cecindhil ambanda raja.”
19. Sru gumuyu, kang miarsa para ratu,
sang Rukyatil Polad,
pangandikanira aris,
milaning ngong tinantang nora metu prang.
20. Lamun dudu ratu kang kaya Lamdahur,
kaya Kewusnendar,
Tamtanus lan Umarmadi,
sakadange kang padha andeling yuda.
21. Hiya sesuk sun wetokne bedhatingsun,
ingkang luwih dibya,
mangsa na kelar nadhahi,
para ratu balane Sultan Kuparman.
22. Lamun metu si Kalana Jayengsatru,
pasthi ingsun banda,
dene gung aluhur mami,
lan gedhene kuwate pamupuh ingwang.”
23. Tan kawuwus ing Talsiyah sang aprabu,

kang anggung kasukan,
mumulih tyasing prajurit,
kawuwusa baris agung ing Kusniya.

24. Sang Aprabu Jayusman Murijal Samsu,
sumiwi kang rama,
miwah kang para narpati,
pang ing dina sawiji angguladrawa.

68. SAYEMBARA ING NAGARI BURUDANGIN

Dhandhanggula

1. Wau Wong Agung Surayengbumi,
siniwaka aneng tarub rambat,
pabarisan pakuwone,
aglar kang para sunu,
lir samodra para narpati,
satriya pra punggawa,
gumolong kadya lun,
munggeng kering para putra,
munggeng kanan sagung para raja kadi,
panjrahing puspita bra.
2. Wonten punggawa kang tunggu kori,
kori panangkilan pabarisan,
manjing jro alon ature,
"Pukulun jawi pintu,
wonten koja prapta satunggil,
kadya wong sakit kalap,
solah warninipun,
aken ngaturna mring tuwan,
naminipun koja pun Tambi Duljakim,
biru erem kang warna."
3. Duk miarsa wau ta Sang Amir,
suwe mangu sigra nateng Kebar,
Lawan Tamtanus ature,
"Manawi ta pukulun,
kalanipun tuwan rumiyin,
kondur saking Karsinah,
neng margi kapangguh,
wonten pondhoke nangkoda,
samy a geger praptane baris Ngabesi,

pun koja meh den sarah.

4. Binahakan mring bala Ngabesi,
nunten paduka ingkang anyegah,
mring wayah lawan balane,
pun Kodrat Samadikun,
nangkodane nunten manggihi,
sesegah mring paduka,
dhadhaharan agung,
jeng tuwan dhahar kaecan,
tuwan aken bapa pun Tambi Duljakim,
manawi ta punika."
5. Angandika Sang Surayengbumi,
"Yayi Prabu pariksanen enggal,
yen nyata gawanen age,
motangi becik iku,
hiya sira kalawan mami."
Sigra sang nateng Kebar,
lengser awotsantun,
prapteng kori pabarisan,
Yusup Adi ngungun denira ningali,
dening ki Tambi lara.
6. Biru erem sariranireki,
abuh abengep ing mukanira,
sigra cinandhak astane,
"Dhuh bapa paran iku?
sira teka asalin warni,"
Tambi Duljakim sigra,
binekta malebu,
sapraptanira ngajengan,
lara nangis sumungkem padanira Mir,
tinarik astanira.
7. "Heh si bapa ya Tambi Duljakim,
sira bapa ngadega kewala,
pagene malih rupane,

wadananira biru,
abuh bengep ingsun tingali,
biru erem saadya,
sariranireku,
sira duk aneng Karsinah,
warnanira bapa kaliwat dumeling,
payo bapa tutura!

8. Ing sakehe pratingkahireki,
manawa ngong bisa ngluwarana,
umatur sarya tangise,
"Inggihi amba rumuhun,
amanggihi paduka Amir,
wonten wana Karsinah,
kawula pan laju,
dhateng ing Rum pan adagang,
sangang wulan wonten ing Ngerum nagari,
ingkang kawula ambah.
9. Tanah ing Rum samya kulit putih,
kalih praja kang tumut paduka,
pun bapa kalangkung kajen,
wonten Turki pukulun,
raja Sarkab ingkang ngratoni,
wus lami amba pindhah,
nggihi taksih Tanah Rum,
kang sami tumut paduka,
Rum Santari puri Iskal Iskalan nenggihi,
kang ndarbeni punika.
10. Wonten malih Ngerum Burudangin,
klangkung ageng kratone punika,
salor Kistambul kithane,
pitung wulan puniku,
dharatane saking Rum Turki,
layarane kalih wulan
kawula asung wruh,
dening ratu gung prakosa,

dereng ngidhep agama paduka maksih
agama Nuh kewala.

11. Langkung ageng karatonireki,
ing Burudangin sang raja Nuban,
nguni kang sepuh namane,
punika asusunu,
sasedane rama gumanti,
raja Tasangsul Ngalam,
Burudangin Prabu,
kadange estri sajuga,
langkung endah aran Dewi isnaningsih,
punjul ing pramudita.
12. Meh ngasorken resmining kang sasi,
raja Tasangsul Ngalam punika,
sakalangkung prawirane,
tuhu ing jagad kasub,
prakosane datanpa tandhing,
darbe putri yu endah,
aran Retna Jetun,
lan kang bibi tetimbangan,
tanpa sama tuhu nyele aneng bumi,
dereng wonten akrama.
13. Isnaningsih lan Ni Kamarulmi,
samyakinadhang ing sayembara,
singa ingkang ngasorake,
ing prang kuwasa njujung,
ambanting madyaning jurit,
sayekti jatukrama,
kathah para ratu,
ing Tanah Ngrum pan atusan,
pan aewon ngadegi sayembareki,
kathah ratu prakosa.
14. Datan wonten mungkasi sawiji,
kongsi bera langkung saking wayah,

saking angel tetukone,
Isnaningsih puniku,
wayah manak pepitu nenggih,
Kamarukmi punika,
pantes manak telu,
sami dereng wonten krama,
nguni amba prapta nagri Burudangin,
kongsi wruh ingkang warna.

15. Dagangan amba kang den tingali,
pinanggihan wisma pangung emas,
kang sinotya jumerute,
turut tirahing wuwung,
pulunannya tumut manggihi,
kamarukmi punika,
putri sudibya nung,
dangu mulat ing dagangan,
pan kawula dinangu tinitititi,,
"Paman prajamu kana,
16. Apa nora nana ratu sekti,
dene nora na nekani paman,
ing sayembara ngong kene?"
Dupi amba ngarungu,
pangucape sang raja putri,
sariramba marlupa,
atemah ngalumpuk,
saking manising wacana,
apan kadya madu kelang den ratusi,
sari-sari sajagad.
17. Kula matur "Inggihi wonten ugi,
tanah Ngarab kukutha Kuparman,
pinunjul kaprawirane,
amba dipun geguyu,
"Dora paman tuturireki,
lamun nyata anaa,
sayekti wus rawuh,

hiya ingsun amiarsa,
Bagendha Mbyah Wong Agung Surayengbumi,
bebala para nata.

18. Nanging mangsa wania ngajurit,
mungsuw lawan kakangmas narendra,
angrasa iku awake,
mulane nora rawuh,
sayembara mring Burudanging,
rumangsa nora nyamdhang,
mungsuw kaka prabu,
yen maksih rante kencana,
salukune ratu sangisoring langit,
mangsa kelara nyandhang.”
19. Pan makoten andikanireki,
Kula raos inggih ngalam donya,
dereng wonten tetondhene,
kang mirib sang dyah ayu,
Isnaningsih putri Brudangin,
lan Kamarukmi paran,
kinarya puniku,
dene tetesing manungsa,
manawi jin lamun putrining para ji,
tan wonten makatena.
20. Sampun sami kawula gambari,
ing warnane putri kalih pisan,
tan ilang sagung cacahé,
amba beli rong ewu,
apan nyewu gambar satunggil,
punika kula bekta,
katura pukulun,”
pinendhet saking kanthongan,
ingaturken tinampan ing Jayengmurti,
lepian kalih pisan.
21. Wus binabar lempitane sami,

ngungun miyat Sang Surayengjagat,
 estu pinunjul gambare,
 pan gantya para ratu,
 para putra samya nupeksi,
 eram ingkang tumingal,
 estu yen pinunjul,
 Prabu Sayid Ibnu Ngumar,
 mulat mangu kumyus karingetireki,
 karasa ing wardaya.

22. Nulya bubar Wong Agung tinangkil,
 Tambi Duljakim binakteng pura,
 purane pasanggrahane,
 tan pisah lan Wong Agung,
 pan ingaken bapa sayekti,
 wauta kang winarna,
 ing sakonduripun,
 neteng Kaos pan kagagas,
 oneng miyat gambare putri Brudangin,
 kalamun tan panggiha.
23. Lan kang ginambar ciptanireki,
 kaya kena ing brangta kantaka,
 ginugu ing pakaryane,
 rumasuk ing tyas sampun,
 datan kena lali sahari,
 mung kang katon jro gambar,
 mangkana winuwus,
 Tambi Duljakim punika,
 pinaringan inggih kang dinar sakethi,
 gambaripun tinar.
24. Pinundhutken bala ing Serandil,
 ingaterken mulih marang Kusta,
 Tambi Duljakim antuke,
 kathah peparingipun,
 mangkat saking ing Malebari,
 kuneng wau kawarna,

kang anggung among kung,
Prabu Sayid Ibnu Ngumar,
sampun darbe selir ingkang para putri,
sadaya ayu endah.

25. Parandene tan wonten katolih,
amung gambar cinipteng wardaya,
kacangkol aneng driyane,
Duk samana ing dalu,
animbali putra ing Turki,
Raden Samardikaran,
prapta wus kapanggih,
marang Prabu Ibnu Ngumar,
angandika, "Heh yayi putra ing Turki,
apa ta gelem sira.
26. Milu labuh pati marang mami,
lunga namur atinggal ing bala,
amunga lan kuda 'bae?"
Samardikaran matur,
"Yen paduka angger lunga nis,
yen kula kinarsakna,
den atemah lebur,
sanyari mangsa gingganga,
inggihi tuwan akarsa dhateng ing pundi,
kawula jarwanana."
27. "Ingsun arsa mring Rum Burudangin,
arsa aprang lan Tasangsul Ngalam,
yen kasor sun prih putrine,
yayi aywa asung wruh,
lengser bae ngilang ing wengi!"
Radyan Samardikaran,
sandika turipun,
"Inggihi suwawi sakarsa,"
samya dandan wong agung kalih wus prapti,
wantu maksih taruna.

69. SAYID IBNU NGUMAR NGEDEGI SAYEMBARA

Sinom

1. Wau kang andon anamar,
saking pakuwon amijil,
samyang anitih turangga,
sakapraboning ajurit,
lunga ngikis ing latri,
tatkala ing pukul satu,
langkung pakuwonira,
sri naranateng Serandil,
kang sekilwak ing dalu pakuwon Selan.
2. Ratu sekawan punika,
pepitu para dipati,
mangkana sang rajeng Nglaka,
kang duwe sekilwak wengi,
mentas ngideri baris,
kendel sekilwakanipun,
raja Orang Kaorang,
wadyane sirep aguling,
ratu kalih tan arsa cucul turangga.
3. Manahipun melang-melang,
mangkana kang lunga ngikis,
langkung ngarseng sekilwakan,
kagyat sang nerendra kalih,
pinegatan ing ngarsi,
wus celak pan boten pandung,
"Angger mila paduka,
puniki angikis latri,
punapa kang dados hardayaning karya?"
4. Nutur duk mulat ing gambar,

putri ing Rum Burudangin,
jeng eyang tamian koja,
saungkure awak mami,
pan ing tyas ingsun iki,
kepati kudu prang pupuh,
supayane kenaa,
putrine sun tuku jurit,
duk miarsa sang prabu Orang Kaorang,

5. "Yen makaten karsa tuwan,
dene ta pun kaki kalih,
wus anganti lampah tuwan,
boten kuwasa ngaturi,
sayekti anglabuhi,
sakarsa paduka anut,
supaya rumeksaa,
ing pakewuh prapta pati,
nulya sareng kalihe nitih turangga."
6. Dadya wong agung sakawan,
tan wawi madya sawiji,
sadalu ing lampahira,
saking nagri Malebari,
byar prapta ing wanadri,
lepas wau lampahipun,
anjujur wana pringga,
yen dalu rerep wanadri,
ngambil kidang binakar nuli den dhahar.
7. Rinten pra samya lumampah,
tan ketang pringganing margi,
ya saking sruning kang karsa,
anuruti tyasing brangti,
tan wonten kang katolih,
mung lepiyan kang kaetung,
si Sayid Ibnu Ngumar,
wus lami datan winarni,
reroncene pratingkah solah neng marga.

8. Rahaden Samardikaran,
ngaturi praptanireki,
marang Turki prajanira,
Wus tebih ing Malebari,
prapteng nagari Turki,
raja Sarkab kithanipun,
ature putreng Sarkab,
”Suwawi ambekta baris,
sayembara dhateng Brudangin nagara.
9. Sampun anerak kanisthan,
tuwan trah kakunging bumi,
Prabu Sayid Ibnu Ngumar,
tan arsa amawi dasih,
suka tindak pribadi,
kadya ge aprang-apupuh,
lan Burudangin raja,
dadya jrih ingkang ngaturi,
ing karsane Prabu Sayid Ibnu Ngumar.
10. Kuneng datan kawursita,
kang kendel nagari Turki,
wuri anggung awuyungan,
ing Kusniya Malebari,
katur musnanireki,
saking pagulinganipun,
Sri Sayid Ibnu Ngumar,
tan mawi bala satunggil,
sareng opyak rajeng Selan Prabu Sarkab,
11. Pan sareng sadalu sirna,
putranira Sarkab Turki,
sang Prabu Orang-Kaorang,
ing Nglaka sareng sawengi,
katur ing Jayengmurti,
wus anarka nunggil kayun,
Wong Agung sinewaka,

ngandika mring para aji,
tuwin marang Umar Maya Harya Maktal.

12. "Kaki Sayid Ibnu Ngumar,
kang dadya lungane iki,
nalika mulat ing gambar,
si bapa Duljakim nguni,
lawan wartane nguni ,
lami sayembaranipun,
tan ana mungkasana,
putri ing Rum Burudangin,
Atmajane sang raja Tasangsul Ngalam,
13. Lan kadange ingkang nama,
Retna Dewi Isnaningsih,
putrine ingkang paparab,
Dewi Jetun Kamarukmi,
ngulari kramaneki,
lami sayembaranipun,
tan ana kang mbangkata,
pepanggile putri kalih,
lan bobote prang Prabu Tasangsul Ngalam.
14. Ratu moncol pramudita,
raja ing Rum Burudangin,
malah putrine tatanya,
mring Koja Tambi Duljakim,
yen tanah wetan iki,
tuwin tanah Arab suwung,
tan ana kang digdaya,
yen ana pasthi nekani,
sayembara mring Burudangin nagara.
15. Lah iku mulane esak,
jroning tyas datan kawijil,
kaki Sayid Ibnu Ngumar,
temahan angikis latri,
matura marang mami,

manawa tan bener iku?”
Umatur para nata,
”Anut ing paduka gusti,
saestu datan liya saking punika.”

16. Rempeg sagung para nata,
ing panarka sampun tunggil,
Wong Agung nimbali garwa,
prapta putri Parangakik,
lan Sirtupelaheli,
”Yayi paran ta puniku,
lungane putunira,
iki cethaning para ji,
tunggal tangguh siji tan ana kang nyimpang.
17. Kaki Prabu Ibnu Ngumar,
lunga mring Rum Burudangin,
angedegi sayembara,
Dewi Jetun kamarukmi,
lan Dewi Isnaningsih.”
Sudarawreti umatur
”Inggih leres punika,
nanging ta punika nenggih,
kinendelna boten tiwas manggih nistha.
18. Yen nuduha para raja,
sinten kang paduka tuding,
rehning lagya yuda brata.”
Wong Agung ngandika malih,
”Yayi ingsun pribadi,
mring wayahira kang nusul,
mung lan Sekar Duwijan,
kang Dipati Guritwesi,
kabeh padha tunggwa lan putraningwang.
19. Kaki Prabu ing Kusniya,
yen mungsuh metoni jurit,
iku padha metonana,

yen mungsuh tan metu jurit,
aja na kang metoni,
anuta karep si mungsuh.”
Tan tutug angandika,
praptane Patih Bunandir,
tur uninga pakuwone mungsuh obah.

20. Wonten baris gung kang prapta,
bala Prenjuk Prenggi Drenis,
kadya jeng gusti punika,
rayi paduka sang aji,
Karsinah ingkang prapti,
bala mbalabar kadya lun,
milane abusekan,
pakuwoning mungsuh inggih,
panarkane mungsuh nyidra saking wuntat.”

70. WONG AGUNG BADHE AMBEDHAH NAGARI BURUDANGIN

Pangkur

1. Tur sembah Prabu Kusniya,
mring kang rama "Amba methuk pribadi,
praptanipun yayi Prabu."
Kang rama angandika,
"Mung si Patih Bunandir ngiringna iku,
ing arinira ing Kelan,
aywa keh anggawa dasih.
2. Get-egeti mungsuhira."
atur sembah Kya Patih Abunandir,
Pangeran Ismayasunu,
lengser saking ngajengan,
prapteng jawi wadya sawatara laju,
kang pinethuk sampun prapta,
balane kadi jaladri.
3. Wus tundhuk rajeng Kusniya,
miwah para ratu kang senapati,
lan Raden Ismayasunu,
anembah mring kang raka,
